
NOMER: 33/I-2019

DINAS KEBUDAYAAN *(KUNDHA KABUDAYAN)*
DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA

Sempulur

mbangun bangsa lumantar budaya



Kabudayan Kanggo Nggayuh Kamulyaning Agesang

jogja istimewa

ULUK SALAM

Kabudayan lan Pangudine Gesang Mulya

Salam Budaya,



SAMPUN kababar malih, majalah basa Jawa SEMPULUR nomer 1 taun 2019. Tegesipun, SEMPULUR tansah saget ajeg sowan ing ngarsanipun para maos lan sutresna budaya Jawa. Wiwit taun 2017, SEMPULUR dipuntata malih lan saget ajeg kababar saben 3 wulan sepisan, utawa 4 nomer saben taunipun. Dinas Kebudayaan DIY tansah damel kupiya, amrih SEMPULUR tansah ngrembaka lan saget kagem panyengkuyung pangrembakanipun basa Jawa, kawruh budaya Jawa, lan palaporan pakseksen tumrap ombyak kiprahing Pamerintah lan masarakat DIY ing babagan kabudayan. Kasunyatan SEMPULUR saya dipunsengkuyung masarakat, katitik saking saya kathahipun naskah kakintun dhukateng redhaksi, saya kathah ingkang kagungan pamundhut ngersakaken majalah, inggih badhe pun waos menapa dene badhe kagem nambah waosan ing pamulangan.

SEMPULUR temtu kemawon tansah leladi mekaring kawruh budaya, ugi caos palaporan babagan kiprah kridhaning kabudayan masarakat, punapa malih nyarengi adreng anggenipun sami ngreksa adeging DIY minangka dhaerah istimewa. Dene, keistimewaan DIY pancen saestu dipunudi tumuju amrih saya mindhak kerta ajipun kamulyaning gesang kawula, kalebet pangolahing kridha budaya. Kabudayan kagem sarana anggenipun Pamerintah lan masarakat ngindhakaken kamulyaning gesang lan pagesangan. Pramila trep sanget bilih SEMPULUR nomer 1 taun 2019 caos atur palaporan bab olah kridha budaya ingkang gayut kaliyan ancas tujuanipun keistimewaan. Mugi-mugi palaporan punika saget pratandha bilih SEMPULUR tansah ngungak lan nyathet kridha budayaning masarakat DIY.

SEMPULUR nomer punika, ugi macak dongeng bocah ingkang dipunserat mawi aksara Jawa. Kapacak ing rubrik AKSARAGITA. Bab punika ngiras pantes kagem pambyawara lan yasa pakulinan maca lan nyerat mawi aksara Jawa, ugi kagem dhudhah-dhudhah buku-buku lawas, rumiyin kagem waosan para lare ing jaman semanten. Pramila ugi jumbuh kalihan program Dinas Kebudayaan DIY ing babagan macapatan, pawiyatan Jawa, kalawarti Jawa, antologi sastra lan budaya Jawa, sayembara novel Jawa, lan sapanunggalanipun.

Sugeng maos lan tansah nyuwun panyengkuyung lan panyaruwe saking para maos sami.


Aris Eko Nugroho, S.P. M.Si.
Pemimpin Umum/Penanggung Jawab

RINGKES




TRADHISI Nusantara mligine tradhisi Jawa, palakrama minangka prastawa kang wigati lan sakral saliyane minangka adat budaya **6**

MANUSKRIP, naskah kuna, kang lair saka tradhisi kapujanggan Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat, yasan Dalem Sri Sultan Hamengku Buwono I (1755-1792) lan Sultan HB II saka 1792 nganti 1812 meh kabeh "murca" saka Kedhaton Dalem **10**




SAPI Mabur, Flying Cow, yakuwi tarian sing disuguhake dening Grup De Stilte (saka Nagara Belanda) ing Concert Hall Taman Budaya Ngayogyakarta **22**



SALAH sawijing naskah koleksi Kraton Ngayogyakarta atetenger Serat Adidarma, **44**

KETERANGAN GAMBAR SAMPUL NGAREP



Gunungan Apem Sapatan Ki Ageng Wonolelo, Widodomartani, Kalasan, Sleman. Wis dadi adat lan tradhisi masarakat, saben taun ing wulan Sapar kaadani garebeg apem, gunungan apem kang diarak, kadongakake, banjur dening pangarsane adat, kabeh kang rawuh ing Saparan Ki Ageng Wonolelo kaparingi tedhan arupa apem. Tedhan apem ora mung minangka perlambang, nanging uga pancen eca yen kadhahar. (foto-ifit Khusnul)"

PEMIMPIN UMUM/PENANGGUNG JAWAB ■ **Aris Eko Nugroho, S.P., M.Si.** | PEMIMPIN REDHAKSI ■ **Rully Andriadi, S.S.** | REDHAKTUR ■ **Purwadmadi** ■ **Drs. Dhanu Priyo Prabowo. M. Hum.** ■ **Padmono Anggoro Prasetyo, S.Sn.** | EDHITOR ■ **Joko Budhiarto** ■ **Sumarno** ■ **Ardini Pangastuti** ■ **Hayu Avang Darmawan** ■ **Budi Nugroho** ■ **Y. Yustiananta** | SEKRETARIAT ■ **Daru Sukendro** ■ **Siti Noor Hidi** ■ **Aryanta** ■ **Latif Cahyono** | LAYOUTER ■ **Zita Uttungga** ■ **Dian Korprianing** ■ **Siti Nurhilmi** | JURU GAMBAR ■ **Ifit Khusnul** ■ **Suhadi**

ISSN 2085-2673

Kalawarti *Sempulur* kababar dening Dinas Kebudayaan Daerah Istimewa Yogyakarta

mboten kasade

Redhaksi nampa sumbangan tulisan wujud esai lan fiksi cerkak, geguritan, macapat, dongeng, legendha, crita rakyat, lsp. saka para maos lan sutresna seni budaya Jawa. Tulisan salaras karo misi Kalawarti SEMPULUR. Tulisan diketik 1,5 spasi, font: book antiqua, 3 (telung) kaca, kejaba cerkak 5 (limang) kaca. Alamat kirim: redaksi.sempulur@gmail.com utawa diparingke langsung ing Sekretariat Redhaksi.

ALAMAT REDHAKSI
■ **Jalan Cendana 11 Yogyakarta** | TELEPON ■ **(0274) 562628** | FAKSIMILE ■ **(0274) 564945**
WEBSITE ■ **http://www.tasteofjogja.org** | POSEL ■ **redaksi.sempulur@gmail.com** | KODE POS ■ **55166**

BRUNJUNG

Kabudayan Kanggo Kamulyaning Masarakat

SABEN bangsa mesthi duwe gegebengan dhewe-dhewe kanggo mulyakake masarakat. Kamulyaning masarakat ing tundhone bakal nuwuhake katentreman. Ing madyaning masarakat Jawa, katentreman kuwi kunci sing baku/utama/pokok. Maneka warna dedalane manungsa anggone bisa nggayuh kamulyan uripe lumantar pakaryan sing dibisani. Saben pawongan duwe gaweyan dhewe-dhewe laras karo bakate dhewe-dhewe. Gawe: kirtya, karti, kardi, karya, yasa; Nyambut-gawe: makirtya, makarti, makardi, makarya, nambutkarya. Manawa ateges golek pangan: ngupaboga, ngupajiwa.

Saka buku *Sarine Basa Djawa* (1967) seratane S. Padmosoekotjo pagawean sing ditepungi ing kabudayan Jawa ana sakurang-kurange 47 (lan mesthine isih bisa ditambahi maneh). Arane 1. *Para*: ngedolake mas-inten; 2. *Blantik*: bakul rajakaya (jaran); 3. *Molang*: bakul kebo; 4. *Kundhi*: gawe barang saka lemah; 5. *Mranggi*: gawe wrangka; 6. *Pandhe*: gawe gegaman saka wesi; 7. *Empu*: gawe gegaman saka wesi-aji; 8. *Sayang*: gawe barang saka tembaga; 9. *Jlagra*: tukang natah watu; 10. *Undhagi*: gawe barang saka kayu (tukang kayu); 11. *Dhalang* = nyritakake wayang; 12. *Kusir*: nglakokake dhokar; 13. *Supir*: nglakokake motor; 14. *Masinis*: nglakokake mesin (sepur); 15. *Gamel*: ngrumat jaran; 16. *Pakathik* = nuntun jaran; 17. Panegar: ngajari jaran; 18. *Srati*: ngopeni gajah; 19. *Niyaga*: nabuh gamelan; 20. *Mrebot*: nabuh bedhug; 21. *Kemasan*: barang saka mas (slaka lsp); 22. *Koki*: olah-olah; 23. *Juru madhaharan*: olah-olah ing daleme bangsa luhur; 24. Greji: ndondomi; 25. *Calak*: netaki (tukang supit); 26. *Pangobeng*: buruh mbathik; 27. *Singanagara*: legojo/algojo, tukang nindakake ukum kisas (ukum pati); 28. *Tuwa-buru*: abdining ratu kang pakaryane mbeburu; 29. *Grema*: tukang mbeburu kewan ing alas (dudu abdining ratu); 30. *Tuwa-rawa*: abdining ratu juru miyasa iwak; 31. *Inya*: tukang nusoni; 32. *Emban*: tukang momong; 33. *Gemblak*: gawe barang kuningan; 34. *Banjarwaru*: wong sing nglamarake (nganggo opah); 35. *Congkok*: lantaran bebesanan (tanpa opah); 36. *Jomblang*: nglantarake bebedhangan; 37. *Lurah-tekek*: jomblang, lelurahe palanyahan; 38. *Gandhek*: nglantarake dhawuhe ratu (nawala-dalem); 39. *Blandhong*: tukang negor kayu (punggawa desa); 40. *Bakul*: dodolan; 41. *Sudagar*: sambiwara, sambewara, bakul gedhe; yen Sudagar bangsa Indhu jenenge *koja*; 42. *Juragan*: dagang gedhe banget; 43. *Wali*: mencarake agama Islam; 44. *Badal*: wewakil ing babagan agama; 45. *Pangon*: tukang angon; 46. *Padang*: tukang adang; 47. *Wuruk*: nglakokake pedhati (grobag, kreta).

Sauntara sing diandharake kasebut nuduhake yen kabudayan iku pancen kanggo kamulyane, karaharjane, kesejahteraane masarakat. Sarupane pagaweyan becik pungkasane mesthi nguwohake kamulyan tumrap saben pawongan. Sanajan gawean kuwi beda-beda (ora mawang kasar-aluse) nanging bisa nuwuhake katentreman (amarga anane pametu) bakal nglairake kamulyan.

GAMBAR



Sri Sultan: Budaya Jawa Sinamun ing Samudana

"Manuskrip, naskah kuna,bisa kinarya woting budaya,lawanging budaya, kanggo ngungak wasita kang sinandhi, banjur padha kamangerteni dening maneka warna bangsa, kanggo piranti sinau bareng ing bebrayan agung."



Sri Sultan Hamengku Buwono X nalika medhar sabda pambukane ing International Symposium on Javanese Studies and Manuscripts of Kraton Yogyakarta **(foto-fit)**

BUDAYA Jawa iku, kebak kembang-kembang, sarwa sinamuning samudana, perlambang lan sasmita kang tansah kudu kawiyak lan kawedhar werdi lan pigunane tumrap masarakat jaman saiki. Budaya Jawa lan manuskripe kaya alas gung liwan-liwung pindhane, kudu kawiyak ajaran nilai lan falsafahe. Mangkono kang dadi pangandikane Sri Sultan Hamengku Buwono X nalika medhar sabda pambukane *International Symposium on Javanese Studies and Manuscripts of Kraton Yogyakarta*. Simposium kaadani gayut kalawan anggone padha kagungan kersa mangayubagya Pahargyan 30 Taun Ngarsa Dalem Sultan Hamengku Buwono X Jumeneng.



Ngarsa Dalem ngendika, manuskrip iku bisa dadi sulih pengawaking budaya masarakat kang temen mugen (*otoritatif*) lan deles (*otentik*) kang ngemu warta, panemu, pangertosan, ngelmu-kawruh, piwulang, falsafah lan sejarah. Mula, ngelmu basa, filologi, bisa dadi piranti kanggo ngudhari sasmita kang sinandi ing manuskrip. Tata cara lan kridha anggone ngonceki werdining naskah kuna bisa kanggo sarana wulang wuruk mirunggan lang dadi kupiya pangrembakane budaya (*literasi budaya*).

Sri Sultan ngajab, anggone padha ngonceki manuskrip kagungan Dalem kang kasimpen ing Widya Budaya Kraton lan uga kang kasimpen ing Museum Sonobudoyo enggal-enggal cekat-ceket anggone metani lan andhudhah werdining pasemon, isining naskah banjur kabiwara ing masarakat. Anggor gawe andharan isining manuskrip kudu kanthi cara kang jangkep lan pepak, nenga kabeh kahanan (*multidisipliner*).

Manuskrip miturut ngendikane Sri Sultan, asring kaweca gayut karo kalenggahane museum. Kamangka, museum asring kagambarake wujud papan kang sepi, singup, kuno, lan kebak bleduk. Ing jaman saiki, wis akeh museum kang kagatra miturut kahanane jaman lan ombyaking masarakat. Manuskrip ing museum kudu kinupiya ora mung mligi marang simpenan, nanging kudu dadi sarana sinau lang ngungak werdining jaman. Yen rinasa perlu, kagawe pameran tematik kang kapacak engga nuwuhake rasa sengsem marang bocah, gayut kalawan teknologi digital, indhustri kreatif lan pariwisata.

Tansah kudu sinambung ing antarane manuskrip lan anggone padha gawe wewiyak werdharing werdi kalawan gawe waradin sumebaring informasi, ngelmu-kawruh, piwulang, darma wiyarat, pututur lakuadi, sujarah jarwa lan falsafah kang tinemu ing manuskrip marang masarakat. Werdining dhawuh kawruh kang tinemu ing manuskrip ora mung mandheg minangka produk (*out put*), nanging uga tumekan prodhuk kang gawe daya aruh (*out came*) ing masarakat.

Nyinau manuskrip, dudu gawe owahing sejarah. Mula pamaosing manuskrip, pangandikane Sri Sultan, kudu tansah nenga mligi garbaning naskah (*teks*) binareng anggone nalisik gayut lan mulur mungkreting kahanan lan jaman (*konteks*). **(dik)**

Dhaup Ageng



Dhaup Agung: BPH Kusumo Bimantoro lan dr Maya Lakhsita Noorya. ***(foto-fit)***

TRADHISI Nusantara mligine tradhisi Jawa, palakrama minangka prastawa kang wigati lan sakral saliyane minangka adat budaya. Palakrama sinebut sakral merga minangka janji suci sarat kanggo dadi sepasang bebojoan miturut agama lan kapercayane dhewe-dhewe. Ing syariat Islam kang diyakini dening sakabehing praja dalem Mataram, perkawinan iku isine janji sepasang suami istri ing ngarsaning Allah SWT kanggo landhesan ngleksanani hak lan kuwajiban miturut tuntunan agama Islam. Secara kultural perkawinan iku rangkaian upacara adat kang renik kawiwitan saka pinangan tumekan *pahargyan pawiwahan*. Ing pahargyan pawiwahan digelar langen bedhaya, kang cinipta mligi kanggo penganten, ngemot donga lan pengarep-arep supaya dhaup kang kelaksanan bisa tansah sempulur.

Sadurunge luwih adoh anggone nyritakake adicara Dhaup Ageng, sadurunge perlu kenal kaya ngapa pribadine Mas Suryo lan Mbak Maya.

B.P.H. Kusumo Bimantoro, S.T. lair ing Yogyakarta 10 April 1992. Panjenengane putra pambarep saka K.G.P.A.A. Paku Alam X lan G.K.B.R.A.A. Paku Alam. Mas Suryo sekolah ing TK Pertiwi Pura Pakualaman, SD N Pura Pakualaman I Yogyakarta, SMP N 5 Yogyakarta, lan SMA N 5 Yogyakarta. Pawiyatan luhur kalampah ing Departemen Arsitektur Fakultas Teknik Universitas Gadjah Mada. Visi ing pambanguning kabudayan yaiku sung upaya mbalekake marwah kota Yogyakarta minangka kota budaya mligine ing segi arsitektur.

dr. Maya Lakhsita Noorya lair ing Sleman 27 April 1991. Piyambake minangka putra Ir. H. Mandiyo Priyo, M.T. lan Dra. Hj. Rini Wijayanti, M.Pd. Mbak Maya wiwit sekolah ana ing TK Masjid Syuhada Yogyakarta, SD Muhammadiyah Sukonandi Yogyakarta, SMP N 5 Yogyakarta, lan SMA N 5 Yogyakarta. Kawisudha saka pawiyatan luhur Pendidikan Dokter Fakultas Kedokteran dan Ilmu Kesehatan Universitas Muhammadiyah Yogyakarta. Visi ing babagan kesehatan yaiku ningkatake pelayanan kesehatan kanthi adhedhasar nilai-nilai kultural; caos pendidikan kesehatan kanthi nilai-nilai kabudayan kang katrapake saben dina utawi nganti dadi sawijining pakulinan.

Motif batik *Surya Mulyarja* dipilih dadi tema *Dhaup Ageng* B.P.H.











Temanten Putri memasuh sampeyane Temanten Kakung, rerangkening Upacara Panggih. Bregada Prajurit Pura Pakualaman, siyaga ing gati ngarak panggandheng lampahing kirab Penganten Kakung kang kaapit dening putra, sentana, lan nayaka saka Masjid Gedhe Pakualaman. Para nayaka, kawula, lan masarakat guyub ndherek ngayahi cepak-cepak renggan pahargyaning Dhaup Ageng putra Kanjeng Gusti Sri Paku Alam X. ***(foto-fit)***

Kusumo Bimantoro, S.T., lan Rr. dr. Maya Lakshita Noorya kag dihelat tanggal 5 Januari 2019. *Surya Mulyarja* bersumber saka iluminasi naskah *Sestradisuhul* (1847) kang cinipta nalika jaman Paku Alam II. *Surya Mulyarja* minangka wujud karakter Bathara Surya ing *Asthabrata*. Karakter utama Bathara Surya kang sinerat ing Naskah *Sestradisuhul* yaiku cermat, dermawan, lan paring panjurung para murid kanggo sregep ing samubarang karya supaya nisa urip sejahtera lahir lan batin.

Motif bathik *Surya Mulyarja* kang sacara etimologi saka tembung *surya* kang tegese 'srengenge' iku minangka representasi Bathara Surya; *mulya* tegese 'luhur'; lan *arja* tegese 'slamet'. Kanthi mekaten *Surya Mulyarja* minangka donga utawa pengarepan kanggo nyanto karakter luhur Bathara Surya. Saliane iku, ing gayutaning adicara *Dhaup Ageng* iku karakter-karakter luhur kasebut bisaa dadi garan lumampah ing madyaning gesang B.P.H. Kusumo Bimantoro, S.T., lan garwa. Teladhan Bathara Surya uga bisaa dadi roh lampah sakabehaning upacara *Dhaup Ageng* uga sedaya paraga kang kalebu ing acara iku.

Ageman ing *upacara panggih* ngagem tata rias penganten Paes Ageng kang kiblate tata rias Karaton Ngayogyakarta. Nanging, tetep ngugemi ciri khas tata rias penganten gaya Pakualaman. Corak *Paes Ageng* nduwe maneka dasanama, kayata *Busana Basahan, Kebesaran Corak Basahan, Kampuh Ageng, Basahan*. Isitilah popular saka corak *Paes Ageng* yaiku *Basahan*. Corak *Paes Ageng*, yaiku: penganten *ngliga* lan nganggo *kampuh*. Saengga sakabehane tata rias kaya-kaya tumemplek ing badan penganten. Mligine perhiasan kang awujud logam kanthi warna kuning emas. Tata rias kang sakabehane agung iku satemene nggambarake swasana prasaja.

Pahargyan *Dhaup Ageng* iki Bangsal Sewatama kagunakake minangka pusat acara kayata *panggih* ing ngarep Uleng, *sungkeman* ing *Ndalem Ageng Prabasuyasa*, serta resepsi. *Bangsal Sewatama* yaiku wangun ageng kaya pendhapa kang ana ing Pura Pakualaman. Bangunan iki payone limasan jinajar telu mbujur arah lor lan kidul uga tau direnovasi nalika taun 1867. *Bangsal Sewatama* ing padatan digunakake kanggo resmi negara lan prastawa budaya.

Adicara *Dhaup Ageng* nggelar limang langen beksan. Dina sepisan tanggal 5 Januari 2019 kagelar telung beksan, yaiku *Bedhaya Kembang Mas, Beksan Wilayakusumajana*, lan *Beksan Puri Melati*. Dina kaping loro tanggal 6 Januari 2019 kagelar *beksan* cacah loro, yaiku *Golek Prabudhenta* lan *Beksan Lawung Alit*. ***(Ava)***

Kabudayan, Tandha Kamulyan

TSIH kang padha gawe rumpakan ukara: kabudayan kanggo kamulyane urip. Katone gagah. Kamangka, kabudayan iku tandha urip mulya. Kabudayan dumadi amarga para kang wis mapan uripe. Mapan uripe amarga saguh lan bisa beberat marang pepalang urip, subrasta ing memala, ngudhari ruwet rentenge panggesangan, lan kuwagang nyangga kesaguhane lan mrantasi sawernane perkara. Kabudayan iku kagungane para kang urip mapan. Sabanjure, apa wong kang kesrakat uripe, rekasa saben dinane ora kagungan kabudayan? Mesti wae ya padha kagungan, kalebu kabudayan kanggo ngudi amrih bisa uwal saka sakehing panandhang.

Yen ana tembung kabudayan kudu bisa gawe mulyaning urip tegese kabudayan kang winates ing babagan kridha budaya, program budaya, lan acara budaya. Pancen, kabeh kridha budaya kudu nambah katentremaning urip, karukunaning urip, lan kamulyaning urip. Kridha budaya kudu nemahi undhaking kamulyan. Uga kudu kamengerteni, kamulyaning urip ora mung minates lubering panguripan wujud bandha donya nanging uga panrimaning rasa jati. Mula kridha budaya temene kagatra murih sempuluring urip mulya lair lan batine.

Subandi Giyanto (61) pelukis kang uga perajin tatah sungging, tansah bisa gawe beda anggone mugen mulang karana dheweke guru seni, anggone gawe lukisan kanggo seni, lan yasa barang seni kang diseja bakal didol. Sanajan wis pensiun, nanging ora kendhat ngajari para wiranem lang gelem sinau nggambar, natah, nyungging, lan seni-seni liyane. Anggone mulang wis jinarak ora kanggo golek pangupajiwa. Kanggo srawung lang ngibadah, sedhekah ilmu. Mligi kanggo nambah rejeki, Subandi ora kendhat gawe lukisan kaca lan kanvas. Mula, tumrap Subandi kabudayaan iku nguripi yen uga diurip-urip, dilabuhi. “Apa apa ki ya kudu serius, tumemen. Gelem tansah sinau lan srawung,” tembunge abdi dalem Kraton Yogyakarta iki.

Panemune Nano Asmorodono, seniman panggung, yen wis wani ambyuk urip ing kridha budaya ya kudu gelem total, ora tidha-tidha lan sangga runggi. “Ora setengah-setengah. Kudul total. Wong neng kabudayan ki ibarate nunggu tetesing embun. Ning, nek ora usaha ya embune ora tau netes. Sithik ora apa-apa, waton nyukupi haha... haha...,” ngendikane karo gemujeng.

Tlonjonge program lan agendha kabudayan pancen tumuju marang “kesejahteraan masyarakat”. Dr. Timbul Raharjo, akademisi kang uga pengusaha barang seni kerajinan, ngendika yen kridha budaya kang winengku nganggo manajemen usaha, tetap wae kudu gelem tetulung marang generasi mudha supaya luwih kreatip. “Minangka pengusaha wajib nampa para siswa latihan. Perusahaan kudu gelem ngajari, nglatih. Amarga jagat pendhidhikan kuwi ora bisa ngetutke perkembangan jaman. Para siswa durung siap mlebu *pasar kerja*, ibarate durung siap tempur wis kudu maju. Mula perlu dilatih supaya bener-bener siap tempur. Nanging kadhang-kadhang para siswa sing padha PKL mau akeh sing sambat, rumangsa abot karo peraturan perusahaan sing ketat. Ya nyambut gawe kuwi pancen abot. Nyambut gawe kuwi kudu kesel. Wong kreatip kuwi ora ing swasana sing ayem, tentre. Wong kreatip kuwi satemene wong sing kepeksa. Kepepet. Yen ora kepepet, ora ana kreativitas,” ngendikane Timbul.

Tegese, kridha budaya iku uga kudu gawe wedharan kanggo para mudha. Joko Mursito, pimpinan Sanggar Singlon Kulonprogo uga ngendika, kridha budaya kedah mawi pembinaan saking instansi utawi pihak-pihak ingkang gadhah kawigatosan. Tembunge, tanpa pembinaan, “... seni budaya lokal ugi badhe lungsed kepaten obor.”

Kang pungkasan, kabudayan kanggo kamulyan, utawa kamulyan kanggo kabudayan? Kridha budaya kang gawe urip mulya iku tegese ora winates amarga saben obah dibayar, saben polah kinerta aji. Dudu kabudayan dol tinuku. **(Tim SEMPULUR)**

Komunitas Kethoprak Tjap Tjonthong. ***(foto-arif)***



Lukisan kaca yasane Ki Subandi ***(foto-arif)***



Sri Sultan HB X nalika mertinjo Pameran Undagi. ***(foto-arif)***



Pasar Gawe Seni utawa Seni Gawe Pasar?





(foto-arif)

MITURUT pangandikane seniman **Nano Asmorodono**, saben wong iku mesthi olah kridha ing seni. Mung lumrahe padha ora sadhar. Kayata, ngagem busana lan pepaes. Ngendikan alus, tumata, kebak ing tata krama. Satemene, wis padha ngrasuk lan rumpaka seni. Satemene, saben manungsa kaparingan rasa seni. Mula, ngendikane dhalang seni kethoprak kondhang iki, "kesenian iku alam dasar manungsa", raos batine manungsa. "Salah sawijine kodrat iku, manungsa satemene insan seni," ngendikane nalika kasowani reporter SEMPULUR ing daleme, Banyuraden Gamping.

Nano pancen ngaku urip saka anggone makarya ing babagan kesenian. Bareng karo anggone makarya, Nano uga tansah ajeg gawe kupiye amrih seni lan budaya grengseng lan ngrembaka. "Nek wani urip seka seni, ya kudu gelem ngurip-urip seni," tembunge cetha lan landhes.

Mula, nalika limang taun kepungkur kasuwun gawe rekadaya pangrembakane Pasar Tradhisional ing kutha Ngayogyakarta, Nano caos usul, gawe program "Kesenian Masuk Pasar". Dudu para paraga seni kang beber ing pasar, nanging para bakul kang laku dagang, buruh kang makarya, juragan gedhe sodagar, punggawa praja kang tugas ing pasar, tukang parkir, buruh angkat/gendhong, padha diajak ngayahi kridha seni. "Wiwitane ya angel, karasa aneh lan kaya golek-golek. Nanging nalika padha nyoba madeg dadi para seni, tuwuh rasa dhiri kang luwih, bisa gawe senenge kanca, kok padha ketagihan," caritane Nano kang uga pembina seni-seni tradhisi kerakyatan.

Kang kalumrah, wong seni dodolan kesenian, nanging dadi kewalik, wong dodolan padha suka olah seni. Miturut Nano, pasar wis kalumrah papane wong dol tinuku barang, utawa sarwa *transaksional*. Kamangka, ing pasar iku uga tinemu seni-seni kang bisa memangun pasrawungan kang guyup rukun ing satengahe dol-tinuku kang sarwa petung lan kebak ing palumban (kompetisi). Anggone padha laku dagang, sejatine uga kebak ing rasa seni. Ora mung mligi seni nyang-nyangan, nanging uga seni pangolahing pasrawungan. "Ora mokal yen wong-wong pasar iku saben dina wis padha ngecakake seni. Dadi ora angel yang banjur diajak bebarengan gawe ekspresi seni. Gumantung pintere le padha ngajak, para bakul kang padha nglakoni, para lurah-lurah pasare. Iki lak soal *political will*," pangandikane Nano karo gemujeng.

Dinas Perindustrian dan Perdagangan Kota Yogyakarta gawe program pembinaan pasar, revitalisasi pasar tradhisional, ing antarane para bakul pasar diajak ngayahi dadi paraga seni, bebas milih apa kang diremeni. Ana kang milih musik keroncong, musik campursari, jathilan, sandiwara, dagelan lan kethoprak. Kasunyatane uga, pasar iku sumber inspirasi, akeh sumber idhe kanggo ngrumpaka gawe karya seni. Nalika gagasan gawe kesenian, para pedhagang kaya katon owel. Saben dinane kudu tansah laku dagang, ora duwe wektu lodhang kanggo ngayahi laku seni. Nanging nalika anggone padha gegulang lan gladhi seni winates ing antarane wektu makarya, banjur padha nyoba. Bareng karo program iku banjur kaadani sayembara seni antar pedhagang pasar sakota Yogya. Padha kaajak uga melu pawai seni pedhagang pasar. Malah para bakul pasar iku pada gawe Garebeg Pasar. Garebeg Pasar dadi acara saben taun lan minangka promosi pasar tradhisional.

"Kasunyatane, para bakul pasar rumangsa seneng bisa nyalurake bakat seni, bisa ditonton wong akeh lan caos hiburan kanggo kanca-kancane," caritane Nano.

Tumekan saiki, saben Pasar Tradhisional ing kutha Yogyakarta padha duwe grup seni. Malah, Pasar Beringharjo, ada kelompok seni cacah telu. Aktif kabeh. Sanajan kabeh lumrahe *cupen* wektune, nanging isih padha duwe wekru mirunggan kanggo latihan. Kepara, grup seni pedhagang pasar saiki wis kasil gawe organisasi seni KPK, kesenian pasar kota, kang wis antuk nomer organisasi seni.

Miturut Nano, olah seni para pedhagang pasar iku uga gawe saya grengseng anggona padha laku dagang, saya tumemen anggone tumanggap marang para langganane. Mula, kridha senine para bakul pasar, bisa gawe kahanane pasar saya karengga rasa pasrawungan lan paseduluran kang rumaket ora mung mligi in antarane pedhagang, nanging uga tumrap kang padha blanja ing pasar.

Para pelaku seni padha grengseng gawe pasar, golek penonton lan tanggapan. Iki para bakul pasar malah padha gawe kesenian. **(pdm)**

Beksan Jebeng Sultan HB I "Manuskrip Internasional"





KARATON
NGAYOGYAKARTA
HADININGRAT

MANUSKRIP, naskah kuna, kang lair saka tradhisi kapujanggan Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat, yasan Dalem Sri Sultan Hamengku Buwono I (1755-1792) lan Sultan HB II saka 1792 nganti 1812 meh kabeh "murca" saka Kedhaton Dalem, jarene karayah tentara Inggris, Thomas Stamford Raffles (1781-1826) nalika lakon Geger Sepehi, Tentara Inggris mbedhah Kraton Yogyakarta, 19-20 Juni 1812.

Ngendikane Gusti Kanjeng Ratu Hayu, nalika paring palaporan ing pambukane *International Symposium on Javanese Studied an Manuscript of Kraton Yogyakarta*, Royal Ambarrukmo Hotel, 5-6 Maret 2019, kagungan Dalem naskah kang kesingsal ora kagawa hamung kari cacah 3 (telu). Yaiku, Serat Surya Raja, Serat Arjuna Wiwaha, lan Al Quran. Kabeh kagawa "murca" lan tembene kasimpen ing British Library. Taun 2019 wis kasil bali 75 naskah Kraton Yogyakarta jaman HB I lan HB II kang awujud naskah digital lan 21 wujud mikrofilm.

Susastra tulis kapujangan Kraton Yogyakarta taun 1775-1812 wis meh 207 taun kasimpen ing negara manca. Kalebu, susastra gendhing lan beksan, yasan Dalem. Sabanjure, beksan Ngayogyakarta yasan Dalem HB I lan HB II kaya-kaya ora ana sumber kang kaserat lan banjur hamung ngendelake sastra tutur. Kamangka, Sultan HB I yasa beksan akeh banget. Kepara, Sultan HB I iku katelah minangka tuk sumbere kawruh joged Mataram.

Kanggo mertandhani anggone padha caos kurmat marang Jumeneng Dalem Sultan HB X kang wus ngancik 30 taun lawase miturut penanggalan Masehi, kagelar beksan yasan Dalem Sultan HB I kang asma ***Beksan Jebeng*** ing madyaning simposium internasional babagan manuskrip.

Ora jeneng mokal yen panggelare Beksan Jebeng iki gayut kalawan anggone pada mersudi lan gegulang marang manuskrip minangka piranti mirunggan tumrap rukun tembayataning sesamaning dumadi sa-ngalam donya. Beksan Jebeng bisa minangka caos perlambang pertandha, yasan Dalem Sultan HB I wujud beksan kang werdine kanggo wulang gawe cara karampungane



(foto-fit)



bengkerangan, bisa meper marang kanepsone lan banjur gandheng renteng, rukun urip bebarengan.

Beksan Jebeng, kalebu beksan sekawanan, alus kakung. Pirantine beksa, wujud jebeng mula sinebut Beksan Jebeng. Jebeng wujude kaya tameng kang rinakit ing gendhewa (alit). Kacepeng asta kering, dene asta kanan nyepeng duwung. Busana kang kaagem para pambeksa kaya kang padatan tinemu ing beksa Ngayogyakarta, iket udheng, kelat bahu, kalung, gelang tangan utawa kana, celana panji, kain, bara samir, sabuk, epek-timang, sampur, lan binggel (gelang suku). Joged alus kakung, ragam impur lan kalang kinanthang.

Ana kang ngendika, beksa yasan Sultan HB I akeh kang nengenake sikap gagah lan jiwaning prajurit. Mula, Beksan Jebeng kang kagelar iki, cetha joged alus kakung nanging ngreksa jiwa gagah kaprajuritan, gendhing gagahan, kepara malah katon impur lan kalang kinanthang "alus kang rasane gagah". Kaya ing tradhisi beksan, srimpi lan bedhaya, lakuning gendhing lan sindhenan, kanyut saka *lagon menyura jangkep, ladrang, ketawang,* bali *ladrang*, banjur *lagon menyura jugag*. Eloke, sanajan jagote alus, katon para pambeksane padha nyigeg urubing rasa amarah, nanging cetha kapiarsa jejering prajurit Mataram, sengguh ora mingkuh. Alon lakune nanging kerep ajeg tanpa kendhat, alus ngremet nanging lumintu banyu mili olah obahing saranduning badan, binarung ungeling wirama keprak, gendhing karawitan, lan sindhenan. Wutuh alus, besus kepleng, bawa wiragane, wiramane, lan wirasane jangkep. Memangun greget bawa rasa kang nyawiji.

Yen deleng jebeng kang kaasta para penari dumadi gambar Srikandhi lan Larasati, pawestri garwane Raden Arjuna. Jebeng gambar Srikandhi-Larasati iku uga tinemu ing Srimpi Rangga Janur (HB VII lan HB VIII). Beksan Jebeng Pakualaman (Paku Alam II), jebenge ana rong werna, yaiku jebeng lar tanpa gambar wayang, lan jebeng gambar wayang Suryaputra (Karno) lan Arjuna.

Nanging ing katerangan, Beksan Jebeng ing Simposium Manuskrip iki, perang tandhing kang dumadi, antarane prajurit Jawa lan Sabrang (Purwakencana). Perang gedhe kang nggawa korban, nanging awit saka kuwasane Gusti, para kang padha tarung sedhar yen kabeh tunggal sedulur, mula banjur meper anggone bandayuda. Rukun urip bebarengan.

Beksa Jebeng tundhane gawe lantaran anggone padha nalisik manuskrip, kalebu manuskrip naskah gendhing sindhenan kang uga minangka sumber penuntun beksa, kang kabeh tansah ngemu surasa wigati kang sinandi. Mula, Beksan Jebeng banjur bisa kawaca, yen wulang jebeng bisa dadi tameng tumrap tumekane reridhu, panyaringe penggawe ala. Jebeng dadi gegebengane urip bebarengan ing madya pada. Rukun tembayatan kaya kang sinedya dening masarakat sangalam donya, internasional. "Internasionalisasi Beksan" mawi piranti sastra-adi: manuskrip. **(pdm)**

Sandiwara lan Kethoprak Ngemu Kawruh Budi Luhur

HERMAN SINUNG JANUTAMA

Budayanipun Ngayogya
kalebet mawa tata titi
tentrem kertaraharja.

Purwaka

Radhio punika sawijining *technai* utawi ingkang winastanan teknologi penyiaran tumrap tiyang ngakathah. Tembung *technai* punika nggih katelah tembung Yunani[1]. Tegesipun sawijining sarana kangge ambiyantu sedaya priyogining tiyang ngakathah anggenipun nglampahi ngagesang saged kalangkung gampil, trampil, trengginas, cepet, saha kalangkung kathah pawigunanipun. Radhio punika inggih kalebet *technai* utawi teknologi. Wahana ingkang dipunpinanggihaken kalian sederek saking Italia, Eropah, kanthi jejeneng Gugleilmo Marconi saha Karl Braun, antawis 1909. Ing kawitanipun radhio punika ancasipun kangge kasampurnan wahana telegram, amrih saged dipungunakaken tanpa srana kabel. Nanging wonten seratan punika radhio sampun dados wahana kangge srana maneka warna panyiaran.

Mboten maiben bilih radhio ing kawitanipun dados teknologi kangge wahana paprangan ing Perang Dunia I miwah II. Kangge seserepan kewala, ing tanah Jawi nalika semanten nggih saweg gumregah. Utaminipun warna-warna upaya kangge pangrembakan pawiyatan kangge tiyang Jawi piyambak. Nalika semanten saged winastanan bilih tiyang Jawi mboten kalimput ing paprangan, pramila tiyang Jawi lajeng gumregah karsanipun ing babagan pawiyatan saha pasinaon teknologi miwah analisisipun. Sampun dipunsumerepi bilih bangsa Walanda kawitan saking warsa 1900, anggadhahi tekad bilih lumebet ing abad 20, kanggenipun bangsa Walanda sinebut *Age of Analysis*. Tegesipun jaman analisis utawi jaman ingkang lelambaran nalar mligi, saha paukuman ingkamg winastanan Hukum Positif.

Nalika semanten kasultanan-kasultanan ing Nuswantara sami ngintun para ngulama-pujangga nipun ing Eropah saha Timur Tengah (Ngerum). Sedaya sami gentur anggenipun sinau saha migatosi warna-warna pawiyatan bangsa Walanda utaminipun babagan teknologi, analisis, saha Paukuman Positif. Para pengageng saking tanah Jawi ingkang tindak wonten ing pasinaon manca kalebet antawisipun nggih Kangjeng Pangeran Mangkubhumi Ngayogyakarta Hadiningrat[2].

Ik in de Allereeste Plaats Javaan

Ngrembakaning teknologi panyiaran ing tanah Jawi kawitan saking kumawurunging Kamardikan dumugi sapunika. Nagari Agung Ngayogyakarta Hadiningrat kalajeng kajibahan wajib *ajur ajer* kaliyan hadeging republik, Negara Republik Indonesia ing 17 Agustus 1945. Nanging leburipun nagari mboten ateges sirnanipun kabudayan bangsa Jawi Nuswantara punika. Kados dene seserepanipun bangsa Walanda. Dene hadeging *nation state* ateges tuwuhipun kabudayan enggal (modheren)[3] nagara, ingkang tunggal ing warna saha sipatipun. Kabudayan enggal *modheren* punika sanalika ugi saged anjalari sirnanipun kabudayan adat luhur nagari-nagari Kasultanan ing Nuswantara, ingkang samangke dadosa kabudayan adat luhur ing dhaerah-dhaerah[4].



Kethoprak Benteng Rotterdam TVRI Yogya, 2018 (foto-fit)

1 Jean Francois Lyotard, *Ziarah Posmoderenisme, Penerbit Eureka, Yogyakarta.*

2 Ingkang samangke jumeneng Sri Sultan Hamengku Buwana Kaping IX.

3 Tembung Inggeris *modern mulanipun saking tembung Perancis moderne ingkang mengku suraos barang enggal. Tembung moderne punika asipat passé. Tegesipun anyirnakake sedaya ingkang lawas, sepuh, saha kina makina.*

4 Saged dipuntimbang kaliyan Koentjaraningrat, *Manusia dan Kebudayaan di Indonesia, Penerbit Jambatan.*

Leluhur bangsa Jawi sampun paring piwulang dene *bhinneka tunggal ika, tan hana dharma mangrwa*[5]. Sanadyan kabudayan ing nagara kaimpun dados tunggal, nanging kabudayan adat luhur dhaerah ingkang maneka warni tetep lestari, tetep *greged, sengguh ora mingkuh*[6]. Tinebihaken saking *mangrwa* utawi mangroning dharma ing Ngarsanipun Gusti Kang Murbeng Dumadi saha Kangjeng Nabi Muhammad SAW. Pamanggih pangimpun, *greged* kabudayan punika kalangkung kacethakaken wonten ing amanat Jumenengan Ngarsa Dalem Ingkang Kaping IX:

Al heb ik een uitgesproken westerse opvoeding gehad,

5 Mpu Tantular, *Kakawin Sutasoma, antawis abad 14 masehi.*

6 Sasantinipun Ngarsa Dalem Sampeyan Dalem Ingkang Sinuwun Kangjeng Sultan Hamengkubuwana Senapati ing Ngalaga Sayidin Panatagama Kalipatolah Sepisan saha ingkang sapunika Kaping Sadasa.



TUK, sandiwara Jawa, Sanggar Bajubarat, Concert Hall Taman Budaya ***(foto-fit)***



Festival Kethoprak DIY 2018 ing Gedung Sosietet TBY ***(foto-fit)***

toch ben en blijf ik in de allereerste plaats javaan[7].

Cara basa Indonesianipun, *walaupun saya telah mengeyam pendidikan barat yang sebenarnya, namun pertama-tama saya adalah dan tetap adalah orang Jawa.* Amanat Jumenengan Dalem Kaping IX punika saged dadosa tuladha saha lelandhesan tumrap kadang warga Ngayogyakarta utaminipun kadang seniman lan budhayawan ing Dhaerah Istimewa Ngayogyakarta, atanapi DIY. Linangkung wiyar malih tumraping sedaya kadang bangasa Jawi Nuswantara, tiyang ngakathah warga negara Indonesia ing jaman dhemokrasi sapunika. Pramila kabudayaan ing Ngayogyakarta saha ing dhaerah-dhaerah ing Indonesia, mboten lajeng *kamilondonen* miwah *kamiaraben, kamicinanen, kamiturkinen,* utawi kami-kami ingkang sanesipun[8]. Ewasemanten elokipun kabudayan bangsa Jawi Indonesia, kacihna taksih saged amor ing pasrawungan kabudayan ingkang adiluhung tumrap sedaya tiyang sedaya bangasa ing marcapada. Amargi kacihna taksih sageda nyuwaraken saha andum *greged* katuladhan, kaluhuran, seni budhaya Jawi Indonesia, nanging katebihaken saking kumakining kajumawan. Sageda nyuwaraken saha andum seserepan pawikan ngasesangipun tiyang Jawi Indonesia, ananging tansah andhap asor, asri, kalis saking nginggah-nginggahi. *Luhur tan ngasorake*[9].

Sedaya pratelan inginggil kanthi panyuwaran radhio sandiwara Jawi saha kethoprak, kadosta sabdanipun Ngarsa Dalem Kaping Sedasa, atanapi Rama Gubernur DIY[10], ing samangke dados kemul atanapi *langitan* ingkang "membangun suasana Jogja". Suraosipun, dadosa langitan ingkang memangun *greged* saha kawontenan Ngayogyakarta ingkang sampun kadhapuk tiyang ngakathah dadosa kitha kabudayan luhur. Ugi tlatah panggenan kasaenan saha tentreming ngagesang. Budayanipun Ngayogya kalebet mawa *tata titi tentrem kertaraharja*[11].

HERMAN SINUNG JANUTAMA, budayawan

7 Prasasti Cuplikan Amanat Penobatan Sri Sultan Hamengku Buwana IX, 18 Maret 1940, wonten ing Museum HB IX, ing lebet Karaton Ngayogyakarta Hadiningrat.

8 Herman Sinung Janutama, *Pisowanan Alit, Penerbit MMP, Yogyakarta, 2009.*

9 Saged dipun timbang kaliyan ungel-ungel *menang tan ngasorake.*

10 Sarasehan Jumuwah Sonten sepisan ing Bangsal Gamelan, dinten Jumuwah Pahing, 1 Februari 2019, 25 Jumadilawal 1952 Be, 26 Jumadil Ula 1440 H. Wayah sonten antawis pukul 18.00.

11 KGPAA Mangkunegara IV, *Wedatama.*

Angguk Panginyongan

BUDIONO HERUSATOTO



RIKALA jamané Sultan Trenggana ngasta pusaraning adil ing Kraton Demak, tlatah bangsa wong Penginyongan gumelar wiwit saka dhaérah: Karawang, Indramayu, Cirebon, Brebes, Tegal, Pemalang, Purwokerto, Cilacap, Banyumas, Purbalingga, Banjarnegara, tekan Kebumén. Dhaérah Banyumas–Purbalingga sapengétan dadi tlatahé Kadipatén Wirasaba kapimpin déning trah Banyak Sosro turun V, yaiku Adipati Wirasaba VI Wargautama I, déné bagéyan kulon lan sapengalor dadi tlatahé Kadipatén Pasirluhur (terusané Kandha Dhaha) kapimpin déning trah Banyak Catra (Kamandaka) turun V, Adipati Pasirluhur IV Banyak Belanak, kang kasengkaaké ing ngaluhur dadi Pangéran Senapati Mangkubumi I déning Sultan Trenggana. Pasirluhur uga kadadéaké tanah perdikan, hadiah tumrap jasané Adipati Banyak Belanak sing kadhampingan déning Pangéran Makedum Wali, ambiyantu nyebaraké agama Islam nganti tekan Tanah Pasundhan; wiwit saka sawétané Kali Citarum, yaiku daérah Kalindhung, Bentar, Éndralaya, Batulaya, Timbangan, Ukur, lan Cibalunggung. Sawisé iku uga ambiyantu madegé Mesjid Demak lan kadhawuhan nerusaké nyebar agama Islam ing tlatah sawétané Demak, wiwit saka Santen (Pati) sepengidul tekan Gagelang (Mediun)–Pranaragi, mengétan tekan Pajongan, Émbar-émbar, Pasuruhan. (Sugeng Priyadi, Sejarah Intelektual Banyumas, 2007).

Bukti tapak-tilasé seni lan budaya Pasirluhur arupa *angguk* lan *sintrèn,* tetep lestari nganti Indonésia Mardika ana sakubengé dhaerah Jawa Tengah bagéyan kulon lan Tanah Pasundhan bagéyan wétan. Nganti tekan tahun 1965-an (sadurungé ana gègèr 30 Septèmber 1965), seni-seni panggung rakiyat ing tanah wewatesané Jawa-Sundha kaya: *Sintrèn, Angguk, Lènggèr,* lan tembang *Dolanan Bocah* yaiku: Cublek-cublek suweng/ *Pacublak-cublak uwang*, Slèp-slèp Dhur/ *Slép Dur,* Hom-pimpah/ *Hom-pila-hom pimpah,* Adu Gangsing/*Adu Panggal,* teksih tetep gayeng dadi panglipur kang mujudaké akur-rukuné (toléransi) masarakat anahing setengahé urip bebrayan Jawa-Sundha. (Budiono Herusatoto, *BANYUMAS, Sejarah, Budaya, Bahasa dan Watak*. 2008).

Angguk Pasirluhuran dadi *Angguk Banyumasan* kalebu seni tontonan dramatari tanpa pocap (sèndratari), kang kabéh carita lakon lan wawanrembag para tokohé. dipocapaké déning Sang Dhalang, kang lenggah ana satengahé para niyaga. Kairingan déning laras-swara *genjring, èncrèk, kendhang;* lan ana uga kang kalengkapi mawa *tanjidhor* (gendherang), *jedhug* (drum) lan trompèt.

Lakon Angguk asal-usulé saka *Carita Mènak* (carita priyagung) Parsi. Babon Carita Mènak asliné saka crita lèsané bangsa Persia kang nyariyosaken *Wong Agung Mènak Jayèngrana* (Bagindha Ambyah/Amir Hamzah), kang bisa pinanggihan klawan Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w., nganti tiwasé anahing paprangan nglawan Prabu Nusirwan kang tesih kapir. Crita lésan iku mau banjur kasusun dadi *Serat Mènak* dening *Karta Musadah* ing jaman kraton Kartasura, mundhi dhawuhé Kanjeng Ratu Blitar, garwa padmi kepindhone Susuhunan Paku Buwana I. Karta Musadah iku ahli susastra Sundha saka Kadipatén Priyangan kang wektu semana agèk nyantrik marang para Priyagung Kapethakan (ulama) Kraton Kartasura, saperlu nyinau adat-setiadat lan kabudayan Jawa-Islam ing Kartasura. (Depdikbud, *Peranan Koleksi Wayang Dalam Kehidupan Masyarakat,* 1989). Seni angguk tlatah wewatesané Jawa-Sundha cèngkok Pasirluhuran iku pancèn béda banget karo cèngkok saka wilayah liyané. Apa maném karo *angguk modèren* saka Daérah Istimewa Yogyakarta kang umumé penariné 'sapasukan' para remaja putri, kanthi tata busana niru sragamé perwira sorodhadhu Kumpeni Walanda. Kathok cekak sadhengkul lan ageman lengen dawa werna ireng/wungu, kanthi paès sulaman benang kuning/ emas, pundhak manggul tandha pangkat, ngagem topi pèt lan kaca tingal ireng, sepatuan lan kaosan suku dawa nganti sangisoré dhengkul. Jagedane uga kaya dene sorodadhu kang lagi latihan perang-perangan, (Joko Surya, dkk., *Gaya Hidup Masyarakat Jawa di Pedesaan; Pola Sosdial-Ekonomi dan Budaya,* 1985). Begjané awak inyong, dènè kang tak jléntrehaké iku, kabèh kaya apa kang tak tonton dhéwé rikala teksih murid SR saiki SD lan SMP antartane taun1951–1960).***

Budiono Herusatoto, panliti & panyerat buku kabudayan Jawi, wong Banyumas Asli, makarya lan lenggah ing Ngayogyakarta wiwit tahun 1973.

TIMBUL RAHARJO

Seni Kudu Bisa Nguripi

DR.Drs. Timbul Raharjo, M.Hum, seniman, dhosen Seni Rupa (Kaprodi Tata Kelola Seni) ISI Yogyakarta, Ketua APRI (Asosiasi Perupa Republik Indonesia), lan Ketua HIMKI (Himpunan Industri Mebel dan Kerajinan Indonesia). Saliyane iku piyambake uga pengusaha barang-barang seni kang sukses. Timbul gawe masarakat ing sakiwa tengene uga melu ngrasakake, bisa kecripatan rejeki saka usahane. Cuplikan wawancara *SEMPULUR* ing salah siji galerine ing wewengkon Sentra Kerajinan Grabah Kasongan, piyambake crita akeh bagagan kabudayan lan pigunane tumrap masarakat.

Bapak Timbul, seniman ugi pengusaha. Kok saget?

Manawa nrawang saka pengalamanku minangka pengusaha, gagasan kanggo nggeluti usaha barang-barang seni iki tuwuh nalika aku isih enom, maksudku kabeh mau dudu warisan saka wong tuwa. Nanging aku ngupayakake dhewe kanthi alamiah, aku manggon ing Kasongan, saben dina weruh UKM padha gawe grabah, ya...pokoke berativitas seni. Akhire aku ambyur ing perdagangan ekspor kanthi nyiptakake prodhuk-prodhuk kreatip nganti tekan saiki.

Yuswa pinten Bapak miwiti usaha?

Umur 19 taun aku wis miwiti usaha, kanthi dodolan souvenir. Awal-awale dodolan kanthi cara ngasong, banjur bisa nyewa toko cilik. Usaha terus berkembang, saka sing maune mung nyewa toko cilik kuwi akhire bisa duwe toko dhewe lan duwe perusahaan.

Wonten pinten tenaga kerja ingkang nggantungaken nasipipun wonten ing perusahaan Bapak?

Sing jenenge usaha kerajinan kaya kuwi ora ajeg, munggah mudhun. Awal-awal mung 1...5...10...20...100...200...300...malahan tau nganti tekan 1500 sing nyetori barang-barang menyang perusahaan. Nanging merga dhampak krisis global taun 2009, ditambah dhampak masalah pajeg, banjur mudhun...mudhun...mudhun, saiki mung kari 100 tenaga kerja lan sing masok utawa nyetori barang-barang seni mung kari 300. Ing perusahaan sing takkemonah iki luwih nengenake kreativitas. Dadi aspek penciptaan karya senine luwih manjila.

Menawi makaten ingkang makarya wonten ing perusahaan Bapak kathah ingkang saking latar



(foto-arif)

belakang pendhidhikan seni?

Bisa dikandhakake, sing nyambutgawe ing perusahaanku 95 persen masarakat biasa, masarakat ing lingkungan kene sing maune ora bisa, dilatih banjur dadi bisa. Upamane wektu iki, akeh nggarap patung-patung hologram. Tukang las wae uga bisa nggarap. Sing penting ana niyat. Gelem kerja keras.

Wonten ing perusahaan Bapak ugi nampi pelatihan kangge para siswa SMK. Menapa Bapak mboten rugi?

Yen rugi ya ora. Minangka pengusaha wajib nampa para siswa latihan. Perusahaan kudu gelem ngajari, nglatih. Amarga jagat pendhidhikan kuwi ora bisa ngetutke perkembangan jaman. Para siswa durung siap mlebu *pasar kerja*, ibarate durung siap tempur wis kudu maju. Mula perlu dilatih supaya bener-bener siap tempur. Nanging kadhang-kadhang para siswa sing padha PKL mau akeh sing sambat, rumangsa abot karo peraturan perusahaan sing ketat. Ya nyambutgawe kuwi pancen abot. Nyambut gawe kuwi kudu kesel. Wong kreatip kuwi ora ing swasana sing ayem, tentrem… Wong kreatip kuwi satemene wong sing kepeksa. Kepepet. Yen ora kepepet, ora ana kreativitas.

Kula pitados, minangka seniman lan ugi pengusaha sukses tamtu kathah tantanganipun. Menapa kagungan resep sukses?

Kanggoku, seni kuwi kreatiativas tanpa wates. Dadi kudu tansah kreatip terus. Ngripta utawa nyiptakake saka sing ora ana dadi ana. Banjur, tandangana pakaryan sing ana ing ngarepmu kanthi saapik-apike. Lan sing ora kalah penting, jujur, apa anane lan tinarbuka.

Menapa kemawon manfaatipun budaya kagem masarakat?

Miturutku, seni, berkesenian pancen kudu bisa aweh manfaat marang masarakat. Yen seni ora bisa aweh manfaat marang masarakat, miturutku kuwi uga kurang elok. Becik iku manfaat ekonomi, kaggo awake dhewe, kanggo si seniman minangka pelaku seni, utawa manfaat kanggo wong liya. Lan mengko dhampake uga akeh. Upamane, yen kita nganakake pagelaran karya seni (ora mung winates seni panggung) kuwi cetha ana untunge. Keuntungan secara rohani, kalipur, bisa marakake seneng. Ana efeke sing luwih adoh maneh. Ing kono ana organisasi, tata kelola seni, bisa ngemonah seni saengga seni mau nduweni daya kanggo urip. Upamane, nganakake pagelaran seni banjur tikete didol. Yen upamane ing sawenehe kampung kok ana pagelelaran kaya mangkono iku, masarakat prayoyane gelema mbayar. Murih seni bisa urip. Upama ing kono ana parkir, ya mbayara parkir, mengko kiwa tengene ana sing dodolan , lan liya-liyane, saengga bisa nggerakake rodha ekonomi tumrap masarakat ing sakiwa tengene.

Wonten masarakat mliginipun seniman, ingkang nggadhahi panganggep, seni kagem seni. Kados pundi menika miturut Bapak?

Seni kanggo seni, aku kurang sarujuk. Seni kuwi ya kudu ana manfaate tumrap masarakat. Aweh nilai marang masarakat. Yen seni ora ana manfaate kanggo masarakat, ya bubar. Tampil sepisan, sawise iku mandheg, merga ora duwe dhuwit nggo wragat. Yen bisa, vestival lan kegiyatan-kegiatan seni liyane iku aja njagakake pemerintah. Lan pemerintah dhewe uga ora kena mbatesi yen bantuan saka pemerintah ora oleh didol. Rak ana ta, merga bantuan saka pemerintah, banjur tikete ora oleh didol. Ora oleh digolekake sponsor. Kamangka dodolan kuwi kanggo latihan urip, sinau murih bisa sukses. Kadhang-kadhang kita ora nduweni pawitan (modhal awal), lha bantuan saka pemerintah kuwi minangka pawitan. Saka kono banjur diputer. Dikemonah. Ing kene pigunane manajemen utawa tata kelola seni. Kanthi mangkono even-even seni iku bisa tetep urip lan efeke kaya sing takkandhakake ing ngarep. Saora-orane kuwi sing dadi pengarep-arepku.

Lajeng, menapa malih ingkang dados pengajeng-ajeng pajenengan?

Pangarep-arepku, Yogyakarta dadi barometer kesenian sing bener-bener makili Nuswantara. Kudu ana manajemen gedhe, lan iki mung Dinas Kebudayaan sing bisa ngatur, kanggo ngatur *penyelenggaraan* even budaya, ing Yogyakarta. Saengga turis manca, bisa ngerti kapan wektune (sasi-sasi tinamtu) ana even. Lan Yogyakarta bener-bener bisa urip saka kabudayan. **(din)**

Kabudayan Prayogi Katampi Masarakat



Joko Mursito S.sn, MA

SENIMAN Joko Mursito, S.Sn. M.A. kang uga ngasta Sekretaris Dinas Kebudayaan Kabupaten Kulon Progo, marang SEMPULUR ngandharake wawasan lan panemune.

Kados pundi sesambetanipun budaya dhaerah wonten tata kebudayaan nasional?

Kebudayaan nasional menika dumados saking kebudayaan-kebudayaan dhaerah. Pramila kekuatan kebudayaan nasional menika dipuntemtoaken sepinten kuatipun kebudayaan dhaerah. Perlu kawuningan, sasampunipun lumampah otonomi dhaerah, Pemerintah Daerah sami adreng ndhudhah budaya lokal mliginipun seni budaya, lajeng seni budaya lokal kala wau dipun-*branding* saengga seni budaya lokal saged dados idhentitas sawijining dhaerah. Semanten ugi ingkang dipunlampahi Kabupaten Kulon Progo. Nyentosakaken seni budaya lokal minangka idhentitas budaya dhaerah, saengga saged damel bombong saha mongkogipun masarakat Kulon Progo.

Kangge lestantunipun seni budaya lokal, menapa ingkang kedah dipunlampahi?

Kaping setunggal, pelestarian. Kedah wonten *acuan*, seni budaya lokal asli ingkang pundi ingkang badhe dipunlestantunaken. Dipunpadosi sujarah sawijining dhaerah ingkang rumiyin nate wonten seni budaya ingkang tuwuh ngrembaka nanging samenika meh cures. Menika dipundhudhah saengga wonten kupiya pelestarian. Kaping kalih, pembinaan. Tanpa pembinaan saking instansi utawi pihak-pihak ingkang gadhah kawigatosan, seni budaya lokal ugi badhe lungsed kepaten obor. Kaping tiga, pengembangan. Seni menika sanes barang mati, pramila seni saged dipunkembangaken *nut jaman kelakone* saengga mboten ketinggalan jaman nanging ugi mboten nilar pakem aslinipun. Menawi kula panjenengan mbegegeg ngutha waton, puguh mboten badhe ngonggreh-onggreh seni ingkang sampun wonten, nggih badhe kalindhes jaman.

Interaksi budaya ugi dumados wonten tapel wates Kulon Progo?

Kebudayaan ingkang sae menika ingkang saged nuwuhaken interaksi budaya. Pramila mboten mokal, wonten wilayah tapel wates dumados interaksi seni budaya. Kadosta, wonten tapel wates Kulon Progo iring wetan inggih punika wonten Kecamatan Galur saha Lendah tuwuh ngrembaka seni reog wayang, sebab Srandakan Bantul menika pusat reog wayang. Lajeng wonten tapel wates Kulon Progo iring ler, Kecamatan Samigaluh saha Kalibawang ngrembaka seni topeng ireng, sebab pusat seni topeng ireng menika wonten Muntilan saha Magelang Jawa Tengah. Semanten ugi, tapel wates Kulon Progo iring kilen, wonten Kecamatan Kokap mliginipun wonten Tangkisan, Pripih, Tapen Hargomulyo ngrembaka seni angguk ingkang wewatesan kaliyan Purworejo ingkang gadhah seni Dolalak.

Lumantar SK Bupati Kulon Progo, angguk sampun katetepaken minangka kesenian unggulan Kabupaten Kulon Progo?

Ancasipun, angguk menika saged dados *spirit* masarakat Kulon Progo kadosdene reog Ponorogo, sinaosa angguk taksih kedah "dipunpacak" supados langkung sae malih. Wonten taun 2012, kula pikantuk dhawuh saking Bupati Kulon Progo dr Hasto Wardoyo supados ngembangaken tari angguk ingkang gampil dipuntampi masarakat. Pramila kula lajeng nglempakaken koreografer-koreografer tari angguk sesarengan kanca-kanca instruktur senam ndamel senam ingkang basis gerakanipun tari angguk, saengga lair senam angguk. Gerak senam angguk gampil dipuneloni sedaya tataran masarakat kawit lare-lare TK-SD dumugi ibu-ibu PKK. Tari angguk dados juara 1 Nasional Atraksi Budaya Terpopuler Anugerah Pesona Indonesia 2018. Senam angguk ugi badhe dipundadosaken senam nusantara kaliyan Kemenpora.

Pak Joko Mursito kreator permainan tradhisional Nglarak Blarak saha Obah Owah ingkang dados juara nasional saha internasional. Pripun mula bukanipun?

Dados mekaten. Taun 2006 kula damel kreasi permainan tradhisional "Domblong" ingkang idhe gagasanipun tuwuh saking lare-lare pesisir Bugel ingkang sami domblang-domblong nengga tiyang sepuhipun sami pados ulam wonten samodra (nelayan). Domblong saged juara 1 tataran DIY lajeng maju tingkat nasional wonten Lampung pikantuk nomer gangsal. Taun 2014, nalika wonten Festival Olahraga Tradisional Tingkat Nasional, kula kreasi permainan tradhisional naminipun Nglarak Blarak ingkang gagasanipun saking para penderes nira wonten perbukitan Menoreh. Wekdal semanten tandhing kaliyan utusan 33 Propinsi, pikantuk juara kalih sangandhapipun Jawa Timur. Taun 2016 Nglarak Blarak saged dados juara 1 Festival Olahraga Tradisional Tingkat Nasional saha juara 1 Festival Olahraga Tradisional Tingkat Internasional The Association For International Sport for All (TAFISA) World Games ingkang dipunadani wonten Jakarta, ingkang pasartanipun 116 negara. Taun 2018 kula kreasi malih olahraga tradhisional naminipun Obah Owah ingkang idhenipun saking para mudha mudhi ingkang gumyak-gumyak nalika malem purnama sasampunipun panen raya. Obah Owah pikantuk juara 1 Festival Olahraga Tradisional Tingkat Nasional ingkang dipunadani wonten Jambi.

Pangajabe Pak Joko Mursito babagan seni budaya lokal?

Seni budaya lokal kedah dipunkawal sedaya pihak. Seni budaya lokal dipundhudhah dipunlestantunaken supados mboten nalisir saking pakem asli, dipunbina supados wonten regenerasi, saha dipunkembangaken supados tansah wonten *inovasi* saengga saged dipuntampi masarakat. **(smn)**

TEJA

NANO ASMORODONO

Uripe Kanggo Seni Senine kanggo Urip



(foto-arif)

"**TUMRAP** aku, wis kawit lair seni ki ya pancen kanggo panguripan. Seni dienggo golek pangan, ndedawa urip. Mula aku ora kaget nalika ana slogan budaya tumuju marang kamulyaning urip. Ning, yen seni diarahke tumuju marang kesejahteraan, mula para seniman ya kudu tansah gelem ngurip-urip seni. Minangka dalaning urip, seni ya kudu digawe ngrembaka, sumebar lan ajeg lumintu," ngendikane seniman Nano Asmorodono (63) marang SEMPULUR.

Nano, kawit cilik nyambut gawene ya ing kesenian, mligine seni kethoprak. Malah nalika dadi buruh peternakan yen awan, bengine dadi tukang jaga mesin dhiesel tobong kethoprak, tukang parkir, portir karcis, nganti bisa munggah panggung didhapuk dadi bala dhupakan. Mula Nano asring rumangsa minangka anak tobong, anak panggung. Wong tuwane, Ki Sasmita lan Nyi Rukinah, paraga kethoprak panggung kang mugen. Pasrawungan saben dinane ing Kampung Pathuk lan Kemetiran Yogya, uga cedhak karo tokoh kethoprak lan dhagelan Mataram. Nalika cilik, Nano ndherek dadi rewange maestro dhagelan Mataram, Basiyo.

Kanca-kancane sapantaran, ya putra putrine wong kethoprak. Saben dinane, sabane ya ing panggung lan tobong. Nganti tuwa saiki iki, Nano lan ora nate uwal saka langen budaya, seni panggung. "Lha bisane mung main seni, kesenian ya dadi dalane urip, ngupaya sandhang pangan. Perkara sejahtera apa ora ya gumantung le ngrasakake lan ngarani. Nyatane, sanajan sarwa prasaja aku ya ora kaliren. Alhamdulillah ...," ujare bapak kelairan 6 Maret 1957 iki.

Nano, kawit cilik wis gabung ing kethoprak. Kethoprak Tobong Budi Rahayu (Bah Misan), Wargo Mulyo (Bu Mini), Sapta Mandala (Bagong K), Darmo Mudho (Yusuf Agil), Woto Budoyo (Marwoto), PS Bayu (Gito-Gati), Agung Budiaji (Sofyan HS), lan nglambrang main kethoprak pesisiran ing Jawa Timur lan kethoprak ngapak ing Purwokerto. "Sawernane urip neng tobong wis taklakoni. Keras tur abot. Wengi munggah panggung, awan nyambut gawe srabutan," kandhane katon sumedhot.

Nano weling, yen wis duwe katetepan urip saka seni, kudu mugen lan temen anggone ngurip-urip seni pilihane. Kabisane Nano, ing seni kethoprak. Mula, Nano tansah gawe kupiya amrih kethoprak tetep mlaku tumanja. Sepisan, Nano tansah grengseng ngulir budi, ngolah akal supaya kethoprak urip lan nguripi. Nano banjur gawe krenah bareng karo kanca-kancane. Nalika kethoprak wis ora bisa maneh didol karcis pertunjukanne, tobong-tobong bangkrut, pertunjukan langka penonton, Nano mikir amrih kethoprak tansah lestari. "Yen kethoprak cures, aku rugi. Bisa kelangan panguripan. Mula kethoprak kudu terus takrungkebi, dikembangke manut obah mosiking jaman," kandhane mantep.

Sejene ngolah kethoprak garapan, Nano uga tansah nyambung tembayatan kalawan Pamarintah, pamikir budaya, priyayi kampus, lan kalangane kaum sodagar. Wiwit mudha, Nano wis ngrumangsani mokal yen dadi bintang panggung, mula gawe tekad bisane dadi "bintang di balik panggung". Pikire, ora kelakon saumur-umur kok mung dadi pemain keprukan. Mula banjur sinau dadi dhalang utawa sutradara lan wiwit gawe naskah lakon. Nano uga ngesuhi pemain, latihan, lan gawe kupiya amrih kethoprak tetep payu. Saliyane kuwi, Nano uga jembarake pasrawungan. Iguh pratikele nuwuhake gelar kethoprak gagrak anyar kang tembayatan kalawan para pihak. "Sing penting kethoprak bisa tetep urip, bisa disenengi generasi mudha, disenengi pejabat, disenengi mahasiswa, pelajar, disenenge tentara, polisi, masarakat non-Jawa, wong cilik pradesan nganti tekan bakul-bakul pasar," ngendikane Nano.

Ora lidhok, yen Nano duwe urun gedhe tumrap anane kethoprak ikon Yogya, kethoprak eksekutif-legilsatif, kethoprak pembauran kalawan etnis Tionghoa lan India, kethoprak pengusaha, kethoprak pegawai bank, dosen, karyawan, lan dokter, kethoprak lintas fraksi (pemaine anggota DPRD), kethoprak ringkes, kethoprak humor, naskah kethoprak televisi lan kethoprak kang digawe dening instansi. Nano banjur asring disuwun nglatih kethoprak ing ngendi-endi papan. Kepara, bakul-bakul pasar tradhisional saindenge kutha Ngayogyakarta, kelakon dilatih lan mentasake kehtoprak dening Nano.

Saliyane dadi sutradhara, nulis naskah kethoprak, nglatih lan ngayahi tanggapan, Nano uga temen ing organisasi seni. Gawe rumpakan liya ing sandiwara lan dhagelan. Gawe Teater Ongkek. Kethoprak kang nate melu kagatra kayata grup Kethoprak Sosrobahu, Kethoprak Alam Budaya, Kethoprak Ringkes Tjap Tjonthong, Kethoprak Jampi Stress, lan liya-liyane. Asring kasuwun instansi gawe kethoprak kagem nampung para pejabate munggah panggung. "Aku ki wis kerep nyutradarai bupati, walikota, gubernur, pejabat bank, pimpinan ormas, pimpinan DPRD, rektor, polisi, tentara, dokter, dosen, tokoh partai munggah panggung kethoprak," caritane Nano.

Nano seneng srawung. Akeh kancane lan kenalane. "Kethoprak ki kudu dioyong-oyang wong akeh. Nek mung wong kethoprak thok, ya ora bakal kuwat. Mula kudu disengkuyung wong akeh," kandhane seniman kang wus antuk Penghargaan Seni saka Gubernur DIY. Sutradara Terbaik makaping-kaping ing Festival Pertunjukan Rakyat Nasional iki uga artis film sinetron lan layar lebar. Uga isih aktif ing gerakan budaya masyarakat, kayata gegatra upacara adat lan tradhisi, arak-arakan, gerakan keistimewaan, dadi tenaga pendhamping budaya ing pasar-pasar Kota Yogyakarta, lan paring wedharan bab seni budaya ing sarasehan lan dhiskusi.

Nano, blaka suta, urip saka seni mula kudu gelem lan temen anggone ngurip-urip seni. Sanaja seni iku nguripi, nanging yen seniman ora gelem ngurip-urip seni, ora bakal kelakon budaya gawe urip sejahtera. **(pdm)**

Sendangmulyo, Desa Budaya Besek

DESA Sendangmulyo, Kecamatan Minggir, Kabupaten Sleman, DIY pantes dipuntetepaken minangka Desa Budaya, sebab panci sugih maneka warni potensi budaya kearifan lokal wiwit situs cagar budaya, monumen sejarah, adat tradhisi, kerajinan, kuliner, dolanan tradhisional, seni budaya, basa sastra aksara, arsitektur saha tata ruang. Masarakat Sendangmulyo manunggal golong gilig memetri kridha ing budaya. Kanthi potensi budaya lan masarakat kang saiyeg saeka kapti kridha ing budaya.

Desa Sendangmulyo dumados saking 16 pedhukuhan inggih punika Pedhukuhan Prapak Kulon, Mergan, Prapak Wetan, Sembuhan Kidul, Sembuhan Lor, Sumber, Slarongan, Blimbingan, Dondongan, Klepu Kidul, Klepu Lor, Jetis, Kwayuhan, Krompakan, Sragan-Banaran saha Diro. Desa Sendangmulyo klebet salah setunggalipun desa wonten ing wewengkon Sleman iring kilen ingkang dados panyangga pangan Kabupaten Sleman, DIY.

Anam Besek

Kepala Desa Sendangmulyo Sukapsir dhumateng Sempulur paring andharan menawi saperangan ageng warga masarakat Sendangmulyo minangka pengrajin anam besek. Besek, wadhah ingkang dipundamel saking nam-naman bambu. Praktis kangge wadhah maneka warni tetedhan. Asring kangge wadhah ater-ater, wadhah thiwul, gathot utawi gethuk goreng ingkang asring dipunsade wonten papan wisata.

Kerajinan anam besek, ngendikane Pak Sukapsir, sampun warisan run tumurun saka simbah-simbah kala biyenn. Sae menika dipundadosaken pedamelan pokok utawi samben. Kathah para tani, guru, karyawan, dagang, PNS, jasa konstruksi saha wiraswasta, ugi nyambi anam besek. Besek Sendangmulyo mboten namung dipunsade wonten tlatah DIY. Kathah panyuwunan Sendangmulyo saking Surabaya, Semarang, Purworejo, Wonosobo, Cilacap saha wewengkon sanes-sanesipun. Saben perajin sedinten saged anam besek kalih dumugi tigang kodi. Kejawi anam besek, warga ugi ndamel tenggok, tumbu, tampah, tepas, wakul, tambir, nyiru lan sapanunggalanipun, ingkang bahan bakunipun ugi saking bambu, "penjelasan Pak Sukapsir.

Gandheng kerajinan anam besek menika ageng sanget daya pangaribawanipun tumrap undhaking kesejahteraan masarakat Sendangmulyo, Pemerintah Desa Sendangmulyo gadhah program bilih sedaya keluwarga kedah nanem bambu wonten pekaranganipun piyambak-piyambak, supados kerajinan anam besek mboten ngantos kethether babagan bahan bakunipun. Kejawi menika, ingkang saweg dipunrintis inggih punika pengembangan supados warga saged ndamel kerajinan sanesipun ingkang gadhah nilai jual langkung inggil, kadosta ndamel kerajinan lampion saking bambu.

Gelar Potensi Budaya

Pengetan ambal Iwarsa Desa Sendangmulyo saben 23 September dadi wadhah gelar potensi saha apresiasi budaya warga masarakat Sendangmulyo. Kirab budaya, kendhuri, pameran kuliner, pameran kerajinan saha pentas seni jathilan, karawitan, kubro siswa, badui, incling, kethoprak, hadroh, gejog lesung, thek-thek, tayub, sholawatan jawa, sloka saha wayang kulit.

Desa Sendangmulyo menika kejawi sentra kerajinan bambu, ugi wonten kerajinan tatah sungging wayang, kerajinan gamelan, stagen, jaran kepang saha gadhah dhalang cacah kalih. Wonten "Sanggar Wijaya Kesuma" papan kangge mbina saha pasinaon dhalang wayang kulit. Paguyuban macapat ajeg gladhen saben malem Setu Wage, kethoprak saha kerawitan ugi ajeg gladhen, sae muter wonten dalemipun anggota paguyuban utawi wonten Pendhapa Desa Budaya Sendangmulyo.

"Kula gadhah pangajab sedaya warga Desa Sendangmulyo sesarengan nguri-uri kabudayan Jawi ingkang adiluhung menika, langkung-langkung *kaum milenial* (generasi mudha) sampun ngantos mboten mangertos kabudayanipun piyambak, saengga malah kecelu kabudayan manca ingkang dereng temtu langkung sae katimbang kabudayan Jawi," ngendikane Pak Sukapsir. **(smn)**







Sukapsir, Kades Sedangmulyo, seni rakyat, lan kriya anyam besek dening warga perajin. ***(foto-dok.desa Sendangmulyo)***

Kumarane "Wayang Tritunggal DIY"



Wayang kulit sawengi natas ing kagungan Dalem Sasana Hinggil Dwi Abad ***(foto-fit)***

PERSATUAN Pedalangan Indonesia (Pepadi), Perkumpulan Dalang Muda 'Sukro Kasih', lan Pepadhang Yogyakarta, padha dene antuk kawigaten saka Dinas Kebudayaan DIY saben sasi kadhawuhan yasa gelar ringgit purwa. Pepadi, saben Kemis Paing malem Jemuwah Pon ngayahi pentas ing Pendapa Wiyata Praja, Kepatihan/Kantor Gubernuran. Dene Perkumpulan "Sukro Kasih" ngadani gelar wayang kulit saben dina Jumat malem Setu minggu katelu ing Pendhapa Dinas Kebudayaan DIY, kawimbuh kridhane dhalang cilik kang mucuki pagelaran. Dene kang wis sawetara lumampah luwih dhisik, Pepadhang makarya bareng RRI Yogyakarta lan BP Kedaulatan Rakyat gelar langen wayang kulit sawengi natas ing kagungan Dalem Sasana Hinggil Dwi Abad, sesasi sepisan saben malem Minggu kaloro kang tansah kagiyarake RRI Yogyakarta.

Saben sasi, wayang kulit ing DIY mesti kelakon kaping telu. Bisa ingaran saben sasi ana "Wayang Tritunggal". Wayang Sasana Hinggil, Wayang Pendhapa Disbud DIY lan Wayang Pendhapa Wiyata Praja. Wayang Pepadhang, Wayang Sukro Kasih, Wayang Pepadi. Pitakone, apa kang beda lan padhane. Pepak, kabeh bisa murakabi.

Kang kawuningan para miyarsa, wayangan ini Sasana Hinggil, wayang kasepuhan, dening dhalang kang wus mapan-menep, mugen ing pakem paugeran pakeliran Ngayogyakarta. Dene wayangan Sukro Kasih, pancen kajarak dening dhalang mudha kan nembe wiwit mekar, ngiras pantes momong dhalang cilik/bocah kang lagi padha ngancik wangun macak ngayahi kridhane dhalang, kadhawuhan mucuki pagelaran. Dene, wayang Wiyata Praja kang nembe kawiwitan ing taun 2019, katone mligi dening dhalang mapan lang kang kersa leladi marang pamirsa kadang mudha. Katitik, anggone nglekasi pagelaran wiwit jam 20.00 kang kaangkah mung tumekan jam 01.00.

"Segitiga Wayang Tritunggal", telu-teluning atunggal, duwe daya pangaribawa beda. Wayangan Sasana Hinggal kawimbuh daya pangaribawa Kraton. Wayang Wiyata Praja kawimbuh daya pangaribawane Kepatihan. Dene Wayang Cendana, kawimbuh daya pangaribawane Dinas Kebudayaan. Kabeh winengku dening ancas anggone gawe kupiye pengrembakane wayang kang bali kagandrungi dening masarakat, mligine para mudha tumaruna.

Katelune, wujud wayang purwa kaya dene wayang purwa kang wus kawuningan lan katelah kondhang jaman ma jaman. Sanajan wis ora maneh dadi tontonan kan dadi karemenane kaum mudha, nanging ora sithik kadang wiranem kang temen gegulang kawruh lan pangecaking pakeliran. Nanging, kaum



(foto-fit)

mudha uga akeh kang wis padha ora wanuh lan kulina srawung kalawan wayang tradisi. Saiki, kang luwih kasumurupi wujud wayang digital, wayang kang wus kagatra beda lan karengga nganggo piranti teknologi digital sarwa komputer. Kepara, wayang wis dadi sarana bakune laku tolanan digital.


Nalika ngepyakake pambabare para dhalang mudha Sukro Kasih taun 2019, pagelaran sepisanan ing Pendhapa Dinas Kebudayaan DIY, Bapak Aris Eko Nugroho, mratelakake babagan anggone Dinas Kebudayaan tansah ngupakara lan gawe tumangkare wayang kulit purwa supaya tetep lestari lang kagandrungi masarakat. Kepala Dinas Kebudayaan DIY suka gawe pangajak marang para kang gegilut ing pedhalangan, tetep grengseng makarya tumemen anggone padha rumeksa budaya lan tansah greget gawe pangudine amrih wayang langgeng sempulur.

"Wayang Tritunggal" saka gurune wayang DIY. **(pdm)**



(foto-fit)

Jogedan Landa, "Flyng Cow" Nggugah Pengangene Bocah



SAPI MABUR, *Flying Cow*, yakuwi tarian sing disuguhake dening Grup De Stilte (saka Nagara Belanda) ing Concert Hall Taman Budaya Ngayogyakarta, 16 Januari kepungkur. Koreografer Jack Timmermans, Produksi dening Bert Vogels, Kostum dening Joost van Wijmen, Desain Pencahayaan dening Pink Steenvooden lan Einstein Design, lan Musik dening Timothy van der Holst. De Stilte ing taun 2019 pancen nindakake pentas mubeng ing Indonesia lan lagi sepisanan pentas ing Indonesia.

Pentas keliling ing Salihara (Jakarta, 12/1), Concert Hall Taman Budaya Yogyakarta (16/1), Gedung Balai Budaya-Balai Pemuda Surabaya (19/1). Pentas kelilinge De Stilte iki mujudake tembayatane Warta Jazz, Organda, Salihara, Taman Budaya Yogyakarta, Balai Pemuda Surabaya lan Erasmus Huis (Belanda).

Pentase ing Concert Hall TBY uga ngulemi bocah-bocah saka Panti Asuhan Wiloso Projo (Taman Siswa), PA Putri Islam, PA Sayap Ibu, PA Semut Ireng, PA Santa Maria Ganjuran, lan Taman Baca Banguntapan. Kejaba iku pentas iki uga kanggo khalayak umum lan gratis. De Stilte iki kawit taun 1994 pancen nindakake seni tari kanggo bocah-bocah, lan bareng bocah-bocah. De Stilte mujudake grup tari sing wis malang megung ing jagad internasional ora mung minangka grup tari wae, nanging uga ngembangake ketrampilan ing bidang pendidikan. Flying Cow sing disuguhake ing Concert Hall TBY bengi kuwi diparagakake dening 3 penari, yaiku Gianmarco Stefanelli, Kaia Vercammen, lan Tessa Wouters nyuguhake bab srawung kekancan, solidaritas, dolanan, seneng-seneng, lan bab imajinasi.



(foto-fit)



(foto-fit)

Tari Flying Cow pancen tanpa nganggo ukara utawa tembung ing pementasane. Critane sinebut puitik kanthi gambaran-gambaran sing ingajab supaya sing nonton bisa ngolah imajinasine dhewe-dhewe. Bab ngono mau mujudake pengalaman pribadine dhewe-dhewe. Ing kono mau ora ana tembung bener utawa luput. Senadyan objek sing ditonton padha, nanging anggone ndudut imajinasi saka tontonan mau bisa beda-beda antarane siji lan sijine. Kabeh mau sah. Bab iki cundhuk karo ancas utawa maksude pertunjukan utawa pentas Flying Cow iki. Crita iki ora duwe ancas crita supaya ditegesi, padha utawa sragam. Kahanan kaya ngono mau kerep dumadi kaya nalika awake dhewe kabeh nyawang mega ing langit. Nalika nyawang mega kang kaya mangkono wong siji lan sijine bisa wae crita menawa mega sing dideleng wujude kaya wedhus, wong sijine nyebut wujude kaya sapi, utawa malah bisa uga wong liyane nyebut wujude kaya raseksa Kumbakarna. Ngono sapiturute. Ditandhesake ing pagelaran utawa pentas tari iki: ujarna keajaiban diwiwiti utawa dumadi. Ngono pengantar saka Erasmus Huis dening Joice Nelson. **(abs)**



(foto-fit)

Dhagelan Mataram "Kabar Kabur" Nyegah Sumebare Kabar Hooks





Paraga Dhagelan Mataram hibur masarakat Bunder II, Banaran, Galur Kulonprogo ***(foto-fit)***

WEKTU iki nggladrah kabar ngayawara (hoaks) satengah masarakat. Kabar hoaks iku kabar apus-apus, pawarta kang ora nyata. Disebar kanggo muter walik kahanan dening pihak-pihak kang duwe pamrih. Bisa kanggo ngrusak jeneng pihak liya, pitenah, ngglembuk, kampanye ala, lan sapanunggalane. Menawa kabar hoaks sumebar lan wong akeh wus padha percaya marang kabar kasebut, ya iki kang dikarepake pihak kang nyebar kabar hoaks kasebut. Satengah masarakat banjur tuwuh dredah, keluwarga siji lan sijine regejegan, lan antarane tangga teparo padha bencerengan ora rukun. Mula kanggo ngawekani bab kasebut, menawa masarakat nampa sawijining kabar kudu dinyatakake bener orane luwih dhisik, ora langsung dipercaya.

Ngono sawetara isen-isening crita Dhagelan Mataram kanthi lakon "Kabar Kabur" minangka pasugatan mirunggan acara "Sarasehan Pancasila Pribadi Bangsa" minangka kridha Program Sosialisasi MPR RI babagan Pancasila, UUD 1945, NKRI lan Bhinneka Tunggal Ika, anggota MPR RI HM Idham Samawi, kang digelar Samawi Institute tembayatan Karang Taruna Kamboja Bunder II rikala dina Setu 2 Februari 2019 mapan ing Pendhapa Budaya Pedhukuhan Bunder II, Banaran, Galur Kulonprogo. Sadurunge Dhagelan Mataram, masarakat disuguhi pasugatan tari Sintren, tari Sesondheran saha Reog Sekar Mudha Sembada, Banaran, Galur. Paraga Dhagelan Mataram kang ngregengake acara yaiku Sugeng Iwak Bandeng, Aldo Iwak Kebo, Pur Bonsai, Novi Kalur, Rio Srundeng, Agus, Harin, There Sothil, Jumitri, Sarwidi lan Wira Pawira kanthi sutradhara Toelis Semero saha supervisor Purwadmadi lan Noor Janis LB.

Kajaba anggota MPR RI Drs HM Idham Samawi, "Sarasehan Pancasila Pribadi Bangsa" kasebut uga dirawuhi anggota DPRD DIY Drs Sudarto, ketua DPRD Kulonprogo Akhid Nuryati SE, anggota DPRD Kulonprogo Priyo Santosa SE, Camat Galur H Latnyana SAg MM, calon anggota DPD RI, calon anggota DPRD Kulonprogo, Kades Banaran saha warga masarakat Banaran, Galur, Kulonprogo. Nalika paring sambutan, Drs HM Idham Samawi aweh apresiasi marang warga masarakat Galur sebab ing acara "Sarasehan Pancasila Pribadi Bangsa" migunakake budaya lokal yaiku budaya Jawa.

Drs HM Idham Samawi ngendika Indonesia wutuh kawit merdika 73 taun kapungkur, Indonesia bisa "bersatu" saka Sabang nganti Merauke merga Pancasila. Pancasila nalika disandhingake budaya Jawa mesthi trep, selaras lan serasi, semono uga nalika Pancasila disandhingake budaya Batak, Minangkabau, Pasundan, Bugis utawa budaya Papua uga ora bakal tubrukan, sebab Pancasila dumadi saka budaya asli Indonesia. Mula saka iku Drs HM Idham Samawi ngajak masarakat mligine warga masarakat Galur tansah njaga murih lestarine Pancasila ing bumi Indonesia.(**smn**)

Story Telling Telung Basa Dhudhah Riwayat Pak Dirman

MANUT cathetane para juri, para siswa iki mau anggone nggunakake basa Jawa wis klebu becik, nanging isih perlu sinau anggone padha nggunakake kosakata basa Jawa supaya luwih pener lan akeh variasine. Dene naskah sing tinulis isih perlu dikembangake supaya bisa luwih narik kawigaten yen digunakake kanggo wacan sing ditonton dening wong akeh. Para siswa uga perlu nggatekake bab anggone nggunakake property supaya ora malah ngganggu *penampilane* ing panggung. Kejaba kuwi perspektif bab Jenderal Sudirman uga perlu *dieksplorasi* luwih jero maneh. Penampilan teknik tuture uga perlu terus dilatih supaya ora monoton kanthhi nggunakake gesture, ekspresi, lan intonasi sing luwih kreatif.

Kanggo mengeti Perang Gerilya Jenderal Sudirman, Panitia Napak Tilas Pangsar Jendral Sudirman 2018 nganakake Lomba Bercerita (*story telling*) tingkat SMA se DIY-Jateng. Lomba iki mau ditindakake ing Museum Sasmita Loka Jendral Sudirman, Bintaran Wetan, Yogyakarta 19-21 Desember 2018. Dene temane adicara iki yakuwi Menghidupkan Kembali Narasi Perjuangan Jenderal Sudirman. Kategori lomba nglimputi lomba *story telling* basa Jawa, basa Indonesia, lan basa Inggris.

Panitia Napak Tilas Pangsar Jenderal Sudirman duwe ancas menawa crita mujudake cara sing unik tumrape para siswa kanggo ngembangake pangerten (pemahaman), rasa hurmat, lan ngajeni marang nilai-nilai perjuangane Jenderal Sudirman. Kejaba kuwi uga dadi cara kanggo mbiwarakake utawa nyebarake sikap positif marang generasi muda. Kompetisi (lomba) iki diajab bisa njurung para siswa SMA banjur sregep nyinau bab sejarah perjuanagn Jenderal Sudirman, mligine nalika panjenengane nindakake perang gerilya (napak tilas), ngresepi nilai-nilai sing dikandhut ing kono, sarta *memotivasi* perilaku supaya satrep utawa cundhuk karo nilai-nilai kasebut. Diajab uga adicara iki bisa njurung marang para siswa supaya padha bisa andum nilai-nilai kasebut marang sapepadhane generasi mudha Indonesia. Ngono mau pratelane Muttaqien Ari Setiawan (Embut) sing ditulisake ana *ing maksud dan tujuan kegiatan* iki.

Target lomba iki 30 siswa SMA saben kategori. Semonoa sing mupu lomba *Story Telling* Basa Jawa mung ana 18 siswa. Dene sing sasap ing lomba iki yaiku Juara I: Rafael Raga, Juara II: Nepty Yanuari, Juara III: Bonifacius Harda. Dene Penampil Terbaik yaiku Rafael Raga lan Naskah Terbaik dimenangake dening Bonifacius Harda. Para pasarta lomba sing sasap duwe hak mboyong trophy, sertifikat, uang pembinaan, lan *doorprize*. Juri ing Lomba Story Telling Basa Jawa iki yaiku: Bambang Paningron, Paksi Raras Alit, sarta Albertus Sartono. **(abs)**



Para kang sasap ing Lomba "Story Telling" Basa Jawa nampa bebungah kang kaparingake dening anggota Tim Juri, Bambang Paningron. **(Foto-abs)**

Forum Komunitas Seni Budaya Dadi Mitrane Pamarintah



MINANGKA pikukuhe Forum Komunitas Seni Budaya ing Kabupaten Bantul, Disbud Kabupaten Bantul ngepyakake (ngesahake) komunitas-komunita kuwi mau kanthi maringi Surat Keputusan (SK) saka Kepala Dinas Kebudayaan Bantul. Dene gunggunge Komunitas Seni Budaya sing ana ing kukuban Kabupaten Bantul yaiku 18 organisasi. Adicara kepyakan iki mapan ing Pendhapa Parasmya II kompleks Pemkab Bantul, Manding, Sabdodadi, Kabupaten Bantul rikala dina Jumat, 21 Desember 2018.

Kepyakan uga nggelar Tari Klana Topeng, karawitan Omah Cangkem Mataraman, lan sosialisasi Gendhing Makarya Mbangun Desa, ramah tamah musik Omah Cangkem Mataraman. Kepala Dinas Kebudayaan Kabupaten Bantul, Drs. H Sunarto, S.H. M.M. ngendikakake, kanthi kekancingan kang wis katampa komunitas budaya ing Bantul dadya gumregah. Muga-muga kekancingan kuwi mau njalari kabeh komunitas sangsaya grengseng, greget, produktif lan kreatif anggone padha nggilut seni budaya. Kejaba kuwi komunitas-komonitas sing sasuwene iki padha lemes, urip ora mati ya ora muga padha njenggelek maneh lan banjur padha cancut taliwanda. Semono uga komunitas-komunitas seni budaya liyane muga padha enggal nggabung ing Disbud Bantul.

Ketua Dewan Kebudayaan Bantul, Prof Dr Kasidi Hadiprayitno ing antarane ngendikake ndherek bingah lan profisiat awit paringane SK marang kabeh komunitas seni budaya ing Bantul. Semonoa ing suwalike SK kuwi mau ana tanggung jawab sing kudu ditindakake dening kabeh komunitas, yaiku kudu luwih produktif lan kreatif anggone padha olah seni budaya. Saka sakehing komunitas seni budaya kuwi mau ana sing pancen mapan lan terus berkarya nanging uga ana sing ora patiya mapan lan karyane ya bisa diunekake produktif utawa kreatif. Kepara ana uga sing mati suri. Iki sing perlu padha digatekake bebarengan.

Ana ing SK Kepala Dinas Kebudayaan Bantul kanthi Nomer 430/DISBUD/140/2018 tentang Forum Komunitas Seni Budaya Kabupaten Bantul kuwi sinebutake menawa forum kasebut mujudake mitra kerja Disbud Bantul mligine kanggo ngupaya tumrap majune kabudayan. Dene tugas utawa kuwajibane FKSB Bantul ing antarane yaiku: ngaturake usulan (masukan) marang Pemerintah Dhaerah lan Dewan Kebudayaan kanggo nyusun kebijakan lan *pengembangan* seni budaya; njurung marang kreativitas seniman lan budayawan kanthi ngajak (melibatkan) masarakat, Dewan Kebudayaan, lan Pemerintah Daerah; nindakake pelestarian, pemberdayaan, pengembangan, lan pendokumentasian seni budaya: sarta nindakake tugas-tugas liya sing bisa njurung tumrap majuning seni budaya. **(abs)**



Gelar Desa Budaya ing Kabupaten Bantul ***(foto-arif)***

DIY Prayogane Duwe Perda Basa Jawa



*Ketua SSJY, Kepala Balai Bahasa Yogyakarta ngampingi kedhuk tumpeng ambal warsa SSJY kaping 28 (**Foto-abs**)*



*Karawitan Sekar Manggis ngregengake ambal warsa SSJY kaping 28-Roncen **(Foto-abs)***

MAPAN ing Gedung Sutan Takdir Alisjahbana, Balai Bahasa Yogyakarta, Sanggar Sastra Jawa Yogyakarta (SSJY) ngadani pengetan ambal warsa sing kaping 28. Pengetan iki mau dianakake ing dina Minggu esuk, 24 Februari 2019. SSJY kena sinebut minangka sanggar sastra Jawa sing paling tuwa, madeg 11 Januari 1991.

Madege sanggar iki jalaran keprihatinane Balai Penelitian Bahasa (saiki Balai Bahasa Yogyakarta) nalika ngawuningangi menawa uripe sastra Jawa ing taun 1990-an kuwi mbleret. Beda adoh karo nalika taun 1960-an. Ing taun 1990-an kuwi kena sinebut ora ana penerbitan novel Jawa. Kejaba kuwi akeh majalah utawa kalawarti basa Jawa sing kukut. Mula Balai Bahasa Yogyakarta ing wektu semana banjur nganakake patemon "Temu Pengarang, Penerbit dan Pembaca" kanthi mapan ing Taman Budaya Bulaksumur (saiki PKKH UGM) kanthi narasumber Suparto Brata (pengarang) lan Kusfandi (penerbit). Ya saka patemon lan pirembugan ing kono banjur BBY tembayatan karo para pengarang ngedegake Sanggar Sastra Jawa Yogyakarta.

Drs Supardi Suratno M.Hum, Kepala Balai Bahasa Yogyakarta ing adicara iki ing antarane ngendikakake menawa Yogyakarta rinasa perlu nduweni Perda sing isine ngrembug bab pelestarian basa lan sastra Jawa. Bab iki wis dadi rembug ing DPRD DIY, kaajab taun iki Perda mau wis bisa diresmekake. Supardi Suratno uga ngendikakake menawa sastra mesthi wae beda karo politik. Nanging sastra bisa dadi media kritis kanggo nyaruwe sakehing prakara sing kurang prayoga. Kanthi mangkono sastra bisa dadi media sing minterake masyarakat. Yen sastra nganti diwatesi, luwih-luwih dibrangus, kapinteran utawa kecerdasane masyarakat uga bakal dadi cures. Pengarang sastra Jawa duwe tanggung jawab gedhe ing babagan kaya ngene iki.

Yohanes Adhi Satyoko minangka Ketua SSJY ngendikakake menawa SSJY saiki dadi kawah candradimuka, orang mung tumrap pengarang sing wis mapan nanging malah saka bocah SD nganti sing paling sepuh yuswane. Ketua SSJY ngajab SSJY saya dadi papan gladhen, silaturahmi, nandur srawung, lan kiprahe sapa wae sing seneng nggilut sastra Jawa. Kanthi mangkono sastra Jawa saya ngrembaka lan karya-karya sing dilairake saya akeh.

Pengetan ambal warsa Sanggar Sastra Jawa kanthi tema Sastra Jawa Ngrenggani Budaya Bangsa iki mau rinasa gayeng kanthi anane maneka warna acara sing ngrenggani. Acara kuwi mau kejaba sambutan-sambutan uga kawiwitan kanthi ungeling gendhing-gendhing saka kelompok karawitan Sekar Manggis. Ana uga Arak-arakan Geguritan lan Cerkak dening siswa SD lan SMA (Kinar, Bobby, lan Karana), Macapat (Darini), Geguritan (Yohane Siyamta lan Ibu Suci Hadi Suwito), Cerkak (Gn. Sigit Adhi Nurcahyanto), Kedhuk Tumpeng, Refleksi SSJY (Aye Suharyono), Sari Swara (Taman Kesenian Taman Siswa), *Dramatic Reading* (wacan dramatis) lakon ketoprak *Satria Piningit* (Eko Purwanto, lan kanca-kanca), Wacan Dramatis lakon *Jurkam Kabupaten Sempoyongan* dening Sanggar Kembang Adas (Cicit Kaswani lan para kanca).

Ambal warsa SSJY ing taun 2019 iki rinasa saya gayeng nganti papane ora cukup marga saking akehe sing rawuh. Ora mung para pengarang Yogyakarta wae sing rawuh mrono nanging uga pengarang sanjabaning Yogyakarta, kayata Semarang lan Magelang uga rawuh. Kejaba kuwi wong tuwane bocah-bocah sing ngisi acara ing kono uga padha rawuh. Gayenge acara ingajab dadi motor tumrap maju-ngrembakane sastra Jawa ing sateruse. Ngono kaya kang diandharake dening Margaretha Widy Pratiwi lan Nadia Natalia minangka pranatacara ing acara iki.**(abs)**

PBTY, Biwaraning Yogya Minangka 'City of Tolerance'



Atraksi Naga Malioboro Imlek Carnival ***(foto-arif)***

MALIOBORO Imlek Carnival minangka rerangkene Pekan Budaya Tionghoa Yogyakarta (PBTY XIV), kanggo mapag taun baru imlek ing taun 2019 iki wis kaantu-antu masarakat Yogyakarta, klebu para wisatawan. Arak-arakan saka Taman Parkir Abubakar Ali nganti tumekan Panggung Terbuka Alun-alun Lor iki ora wurung nyedhot atusan ewon penonton, ngangsek bebanjaran rute lan panggung. Senadyan udan deres, nanging para penonton lan panyarta kirab sajak ora mredulekake. Malah akeh sing percaya kanthi anane udan deres kaya mangkono kuwi rejeki kang bakal tinampa bakal luwih akeh tinimbang sadurunge.

Saliyane kuwi akehe penonton sing kaya ora keganggu dening derese udan marga akeh-akehe wis padha ngerti yen panyarta kirabe apik-apik anggone menehi atraksi. Ing antarane yaiku Naga Batik raseksa sing dawane 165 meter, Naga saka Magelang sing dawane 90 meter, lan Naga saka Tangerang sing dawane 70 meter. Drum Band Gita Dirgantara, Tarian Sufi, Pencak Silat, Wushu, Reog Ponorogo, lan liya-liyane. Kabeh mau dadi tontonan sing diantu-antu dening penonton.

Singgih Raharjo minangka Kepada Dinas Pariwisata DIY lan sulih pangandikane Ngarsa Dalem Sri Sultan Hamengku Buwana X ing antarane ngendika paring pangalembana lan nyengkuyung tumrap adicara PBTY (Pekan Budaya Tionghoa Yogyakarta) sing wis lumaku kaping patbelas. Ngarsa Dalem uga ngendikake apresiasine jalaran PBTY iki wis lumebu ing kalender event Kementerian Pariwisata sarta uga wis lumebu minangka 47 event unggulan ing DIY. Ingajab adicara iki tansah bisa nambah cacahing kunjungan wisata ing Yogyakarta. Kanthi mangkono uga bisa dadi berkah kanggo ningkatake kemakmurane warga sebab kanthi mangkono hotel/peningakapan, kuliner, souvenir, dolanan, oleh-oleh lan angkutan ya payu.

Indah Juanita, Direktur Utama Badan Pariwisata Otorita Borobudur kang uga maringi sambutan ing acara PBTY XIV kanthi tema *Harmony in Diversity* iki mratelakake apresiasine marang Pemkot Yogyakarta lan JCACC (Jogja Chinese Art and Culture Centre) marga mrakarsani kaleksanane PBTY nganti rambah kaping patbelas iki. PBTY bisa nuwuh-ngrembakake kreativitas seni Tionghoa saengga bisa luwih bisa kabiwara ing DIY kanthi becik. Diajab PBTY bisa luwih ndayani marang toleransi ing DIY satrep karo slogan, *Yogyakarta City of Tolerance*. Bab iki uga cundhuk karo tema PBTY XIV, yaiku *Harmony in Diversity*.

Ketua Umum PBTY 2019, Tri Kirana Muslidatun ing sambutane ngendikakake menawa tema sing diusung dening PBTY taun iki ora mung nyuguhake budaya Tionghoa, nanging uga budaya lokal Nusantara. Adicaa kaya ngene iki bisa kanggo edukasi kabudayan Tionghoa tumrap masarakat amrih tolerasni, guyub rukun, tembayatan kuwi tansah bisa binangun. PBTY 2019 iki dianakake sajrone pitung dina, wiwit tanggal 13-19 Februari 2019. Sadurunge kirab utawa karnaval ing Kampung Ketandan dianakake festival kuliner, pentas kesenian, pemilihan Cici lan Koko, pameran, lan liya-liyane. **(abs)**

Pembayun - Mangir Wanabaya Bareng Jejogedan ing Kaliurang



Panembahan Senapati lan Ki Juru Mertani rembugan bab Mangir **(Foto-abs)**



Ki Ageng Mangir nesu banget nalika ngerti menawa Sekar Pembayun iku mata pitane Mataram **(Foto-abs)**

LAKON Pembayun-Mangir Wanabaya wis kondhang. Semonoa isih durung akeh sing ngerti temenan, sapa satemene Sekar Pembayun iki mau. Semono uga sapa satemene Ki Ageng Mangir sing garwane Sekar Pembayun. Kekarone kaya kekubur dening crita-crita sing kebak bumbu lan kasak-kusuk pamrihe dhewe-dhewe. Crita bab Sekar Pembayun-Mangir Wanabaya kaya-kaya pancen terus narik kawigatene wong akeh marga kerep kinanthen tasfir sing maneka warna ora uwal saka kepentingane sing duwe tafsir mau. Ya crita iki mau sing banjur diangkat dadi suguhan utawa pagelaran *Sendratari Sekar Pembayun: Lay Your Love Inside ing Taman Kaliurang*, Sendratari iki mau katindakake dina pungkasan ing wulan Januari kepungkur.

Tumindak minangka Sutradara Agoes Kencrot, Naskah Bondan Nusantara, Konseptor: Dyah Puspitasari lan Niken Wijayanti, Setting: Sadja, PenataTari: Heni Winahyu, Penata Musik: Shandro Wisnu, Artistik: Tato Pleweh lan MN Wibowo, Penata Teknik: Agus Fatwa, Produser Eksekutif: Dyah Puspitasari, Pimpinan Produksi: Wahyu Sakti Aji, lan Stage Manajer: Bambang KSR. Kejaba kuwi sendratari iki disengkuyung dening 19 penari. Suguhan pagelaran sendratari iki mujudake pisungsum saka PT Anindya Mitra International-Jogja minangka bakti budaya ing rerangken program *Interactive Moving Performance Arum Bhumi: The Series*.

Manut rancangan yen pancen pagelaran kaya ngene iki padha disenengi sarta dikarepake, sendratari kaya ngene iki mau bakal ajeg dianakake saben dina Setu Legi ing Taman Kaliurang. Pagelaran sendratari ing Taman Kaliurang iki pancen beda. Lire, para penonton bakal diajak dening para penari nyawiji (ambyuk) ing swasanane. Kejaba kuwi, penonton uga diajak ngresepi kuliner tempo dhulu, kayata Jenang Klanthung sing mujudake kuliner khas saka Mangir asil olah cupatne Sekar Pembayun duk nalika semana. Isih akeh kuliner liya khas tempo dhulu sing disuguhake kayata Jadah Tempe, Slondhok, lan liya-liyane,. Ing pungkasane adicara para penonton diajak nandur wit sejarah sing bakal migunani tumrap lestarine alam raya.

Kaliurang peranganing Garis Imajiner Yogyakarta, yaiku saka Pesisir Kidul-Keraton Ngayogyakarta Hadiningrat-Gunung Merapi. Ngangkat crita kanthi dhedhasar Babad Mataram ngibarat narik *benang merah* keunggulan keistimewaan Yogyakarta. Khasanah crita/dongeng ing masarakat Jawa mujudake budaya sing wis urip lan lumaku suwe. Maneka warnane versi crita/dongeng bakal nambahi kasugihane crita/dongeng Babad Mataram, Babad Mangir, lan liya-liyane. Kanthi mangkono uga bakal nambah utawa mimbuhi dinamika budaya ing Nuswantara sing kebak warna. **(abs)**

Wayang Thengul, Kaku ning Lucu Unggulan Seni Rakyat Sleman

KANGGO nguripake maneh (revitalisasi) kesenian sing wis arang keprungu, Dinas Kebudayaan Sleman nganakake pagelaran *Wayang Wong Thengul* lakon *Pedhang Kangkam Pamor Kencana*. dina Jumat bengi, 23 November 2018 ing Dhusun Seyegan, Kelurahan Margokaton, Kecamatan Seyegan. Kang kapindho, dina Kemis bengi, 29 November 2018 mapan ing Dhusun Mraen, Kelurahan Sendangadi, Kecamatan Mlati, Kabupaten Sleman.

Ya Dusun Seyegan sing kasebut mau sing dadi punjer utawa asale Wayang Wong Thengul. Jinis kesenian iki wiwit mekar Ngayogyakarta ing jaman penjajahan Jepang, banjur nemu jaman kuncarane ing taun 1967 nganti taun 1980-an. Dene sawise taun 1980-an banjur ora kondhang maneh, surut, kepara kesilep ing jaman senadyan ora mati pet. Bab kuwi dumadi jalaran akeh paragane sing pindhah papan panggonan utawa surut ing kasedan jati. Dene generasi mudhane kaya kurang karep ing jinis kesenian iki. Pamarintah Kabupaten Sleman bakal terus kupiya gawe lestarine wayang thengul, ngendikane Kepala Dinas Kebudayaan Kabupaten Sleman, HY Aji Wilantara SH MHum.

Wayang Wong Thengul iki mau satemene ora beda adoh karo wayang wong sing lumrah, mung wae lakone njupuk lakon-lakon wayang menak. Kejaba kuwi cara njogete ngemberi joged utawa mobah-mosiking saranduning awake wayang golek (wayang thengul). Dadi katon kaya kaku. Semonoa, gandheng kagarap dening koreografer sing mumpuni, jogedane Wayang Wong Thengul tetep resep dinulu senadyan ya nduweni kesan kaku lan lucu/gecul.

Lakon Pedhang Kangkam Pamor Kencana nyritakake bab kahanane Negara Kuparman sing bakal ayom, ayem, tentrem, gemah ripah loh jinawi lamun kadunungan pusaka sing sinebut Pedhang Kangkam Pamor Kencana. Wong Agung Jayengrana banjur ngutus Adipati Umarmaya kinanthenan Adipati Umarmadi supaya ngupadi pedhang kuwi mau. Umarmaya lan Umarmadi kinanthenan wadyabala Kuparman lumebu ing Negara Nusa Rukmi saperlu njupuk pedhang kanthi apus krama. Umarmaya bola-bali malih dadi punggawa Nusarukmi. Semonoa patih Nusa Rukmi sing aran Rasatali ora kalah limpat. Dheweke uga bola-bali malih minangka punggawa Kuparman saengga bila-bali Umarmaya kapusan. Tundhone Umarmaya kalah. Ora dinuga Umarmaya lan Umarmadi ketemu karo Ganggamina lan Ganggapati sing nembe ngupadi sudarmane sing aran Iman Suwangsa.

Ganggamina lan Ganggapati bakal diterke ketemu sudarmane lamun bisa ndhusta Pedhang Kangkam Pamor Kencana. Ratu Nusa Rukmi, Dewi Talirasa lan Patihe, Dewi Rasatali mung bisa dikalahake kanthi cara dirungrum. Tundhone Pedhang Kangkam Pamor Kencana bisa digawa menyang Negara Kuparman kanthi cara Ganggamina krama karo Dewi Talirasa lan Ganggapati krama karo Dewi Rasatali. Ganggamina lan Ganggapati bisa ketemu karo Iman Suwangsa minangka sudarmane lan Wong Agung Jayengrana minangka eyange. Kabeh bisa ketemu lan nyawiji kaesuhi dening Wong Agung Jayengrana ing Negara Kuparman.

Satemene crita sing kababar, kanggone wong Jawa ngemu sasmita kang wigati, yaiku gegedhongan patraping ngaurip ana ing laku crita. Emane, arsip dokumentasi lan buku kang macak Wayang Thengul isih langka. **(abs)**

Wayang Wong Thengul saka Sleman, langka (Foto-abs)



Umarmaya lan Umarmadi ing Wayang Wong Thengul saka Sleman (Foto-abs)





(foto-fit)

(foto-fit)

WARISAN BUDAYA

Rumah Sandi

RUMAH Sandi? Mungkin istilah iku keprungu ora lumrah kanggo masarakat umum. Rumah Sandi ana ing Dhusun Dukuh, Desa Purwoharjo, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo, D.I. Yogyakarta. Rumah Sandi awujud omah limasan prasaja kang madeg udakara 118 m^2 ing atese plataran 1190 m^2. Papan kang duwe sejarah penting sajroning perjuangan bangsa Indonesia. Papan minangka kantor sandi nalika bangunan utama Kantor Sandi Negara kang mapan ing Batanawarsa 32 (saiki dalan I Dewa Nyoman Oka) nalika iku diserang dening bala tertara Belandha.

Rumah Sandi ana ing pereng bukit, tinutupan vegetasi klapa lan wit-witan ngrembunyung liyane, pramila nalika agresi Belandha kangelan anggone nglacak ana ing ngendi kantor sandi iku. Omah kang sabanjure disebut Rumah Sandi iku satemen omahe Pak Merto Setomo bin Merto Dimejo kang sabanjure dinggo nyusun strategi perang gerilya lan neruske eksistensi kegiyatan sumbung kode (komunikasi sandi) nalika Agresi Militer Belandha II, 19 Desember 1948. Nalika Agresi Belandha II, Yogyakarta didhapuk minangka ibu kota Negara Republik Indonesia, pramila kabeh kang ana gayuting pamarentahan dipindhah saka Jakarta ing Yogyakarta.

Nalika Belandha nyerang Kantor Sandi Negara, saperangan tokoh penting personil sandi kasil dislametake, ing antarane Letnan II Soemarkidjo lan Letnan Muda Soedijatmo kang nembe lumaku tumuju Jawa Barat ngliwati Dekso, dhaerah kang ana ing iring kulon kali Progo sangisoring pegunungan Menoreh. Papan iku cedhak karo Markas Kelapa Staff Angkatan Perang (KSAP TB. Simatupang) kanthi jarak 5 km saka Deksa yaiku Desa Banaran.

Personil-personil iku kasil slamet lan sabanjure wicara kodhe karo dr. Roebiono Kertopati kang sabanjure nemtokake tugas Letnan II Soemarkidjo lan Letnan Muda Soedijatmo kanggo tetep ana ing Dekso lan madegake bagian kodhe kang ana ing sangisore PHB Angkatan Perang. Papan iku ora suwe, sabanjure pindhah ing Desa Dukuh kang saiki sinebut Rumah Sandi.

Saka catatan kisah pengalaman perjuangan Kolonel TB Simatupang, disebut dene staf penerangan saka markas MBKD ing Boro lan Markas Sandi Negara ing Dukuh nggawe pemancar-pemancar cilik kang sinambungan karo pemancar radio PHB PC-2 kang ana ing Banaran, Playen, Gunungkidul, lan Balong. Komunikasi radhio kasebut bisa di-*relay* lumantar pemancar radio lan bisa ditampa tumekan Jakarta, Sumatra, lan New Delhi.


Ing Rumah Sandi saiki, masarakat bisa mirsani tinggalan para pejuang sandi nalika perang kamardikan, kaya ta meja lan kursi kayu rapat, dipan, lumpang, lan alu kang biyen dinggo. Rumah Sandi saiki kahanane wis asri edum merga wis dipugar, nanging pojokan omah ana kothak kang ora dipugar. Kothakan iku minangka latar asli jaman perjuangan rumah sandi biyen minangka pemut.***

URIP MULYONO, S.Pd.
Pendhidhik ing SMP N 2 Godean



(foto-fit)

Cerita Cerkak ꦱꦫꦶꦠꦕꦼꦂꦏꦏ꧀



DADI dhalang wayang kulit kondhang katone kepenak tenan. Atine seneng, kerep mayang kana kene. Disubya-subya dening para pandhemen. Kinupeng para sindhen ayu-ayu tur enom-enom. Njalari akeh kang padha kepengin melu nyindheni nalika mayang. Merga saliyane bisa kanggo gladhi, uga katut melu kondhang. Senadyan mung diwenehi sembulih utawa honor setithik, ya ora apa-apa.

Lha piye para sindhen mau ora bakal melu kondhang. Merga ki dhalang bakal nepungake para sindhen kasebut, ana wektu adhegan limbukan kang kaisi gegojegan kanthi maneka tetembangan. Semono uga nalika gara-gara. Para sindhen bakal disebut dening ki dhalang. Apa maneh kang suwarane kepenak apik, gek rupane ya ayu gandhes luwes merak ati.

Dene para sindhen enom kasebut, akehe isih klebu siswa sekolah seni utawa mahasiswa seni kang pancen wis katon manjila suwarane saliyane duwe rupa kang melek utawa ayu. Kepara malah ana sindhen saka negara manca kang uga lagi sinau, nanging wis isa nyindhen kanthi becik. Sindhen saka negara manca iki malah kena kanggo geguyonan kanthi gayeng, merga durung patiya ngerti basa Jawa. Saengga njalari pagelaran wayang kulit tambah rame. Dadi ing wektu iki dadi sindhen mono wis akeh kang duwe pendhidikan sarjana.

Wis pokoke dadi dhalang kondhang mono mung kari ngetung wae, kira-kira pira pametune saben sasi. Dadi sesasi rata-rata *peye* ping pira dipingake pira. Amarga racake yen *peye* utawa pepayon, wis sapaket. Tegese wragad dhalang, wiyaga, sindhen, wayang, gamelan rong pangkon, bintang tamu, panggung tekan *sound sistem* wis mak bruk bakal lunga teka dhewe. Mula ragade nanggap dhalang kondhang wayang kulit ya tekan puluhan yuta.

Mula ora jeneng nggumunake, sapa wae kepengin dadi dhalang kondhang. Mligine para dhalang sing durung kondhang utawa lagi sinau dadi dhalang klebu Parjo.

"Meh saben sore sampeyen niku terus latihan, gladhen. Terus kapan nggone arep pentas Mas, apa maneh *peye*," pitakone Marni bojone Parjo

"Ya dongakna wae Dhik, mengko yen tekan wayahe lha rak ya isa pentas." Mangkono semaure saben-saben Marni, bojone pitakon.

"Dhalang kang saiki padha kondhang kae, jarene padha turune dhalang. Bapak utawa mbahne uga dhalang kondhang ta mas. Malah ana kang kandha jare kewahyon. Lha menawa sampeyan ki rak ora duwe turun dhalang blas ta. Apa ya isa arep dadi dhalang kondhang", kandhane Marni menawa lagi atine rada jengkel merga meh saben bengi bojone metu sing jare gladhen utawa nonton wayang. Ngetutake dhalang-dhalang kondhang kang lagi pentas saperlu nyinau mayang.

"Dadi dhalang utawa mayang iku, ngelmu sing katon, Dhik. Isa disinau, didelok banjur ditiru. Kang baku gelem lan temen nyiau utawa gladhen," semaure Parjo.

"Lha sasuwene iki sampeyan gladhen nggone kang Juwar Jenggot ing Sembungan iku, mbayar apa ora. Yen mbayar terus pira saben sasine," pitakone Marni.

"Mbayarku saanane, saisane yen ana dhuwit. Yen ora ana ya cukup nggawa sawungkus rokok. Mbah Juwar Jenggot dhewe ora njaluk dibayar pira. Malah wis seneng ana kang gelem sinau ndhalang utawa mayang ana daleme," semaure Parjo.

"Ya wis sakarepmu, ning aja lali karo ngomah. Apamaneh banjur kepencut karo sindhen. Merga mesthi beda karo aku. Sindhen pancen kanggo ngrenggani suwasana, mula mesthi padha macak ayu lan ambune wangi ya ta," suwarane Marni rada sengol nyemoni.

"Wis, wis, wis... rak mesthi banjur cubriya ta. Yen perlu kapan-kapan ayo bareng ana daleme mbah Juwar Jenggot nungguni nggonku gladhen apa piye," pangajake Parjo.

"Ora! Karepku mono, mbok wis sampeyen iki nyambut gawe kang ana wae kanthi tumemen. Lha rak ya wis kesel ta, kepanasan, kudanan ana proyek bangunan pinangka mandhor melu CV Prakaosa. Sokur ora ming cukup mandhor, bisoa munggah dadi pemborong pa piye kaya Pak Danu direkture CV Prakosa kae," kandhane Marni.

"Karepku ya ngono iku, nanging mesthine mbaka sethithik sesuk rak ya isa dadi pemborong. Nanging ndhalang utawa mayang iki kasenengan je. Yen diunggahke sethithik, melu kupiya nguri-uri seni budaya adiluhung tradhisionil tilarane para leluhur. Apamenah pagelaran wayang mono

isine kebak piwulang, saliyane kanggo panglipure ati utawa tontonan," njlentrehe Parjo.

"Piwulang apa. Jarene sing rame mung yen dhong limbukan ta. Merga isine mung padha tetembangan, jogedan, guyonan kepara nyek-nyekan tekane kecampuran saru barang saliyane nembang campur sari. Rak ya iya ta," panyengguhe Marni.

"Lho kok awakmu malah ngerti. Apa sok nonton wayang pa," pitakone Parjo.

"Lha yen sampeyan muter wayang ing you tube ana hape, aku rak ya krungu ta. Arepa karo ngeloni anakmu lanang Bagus, " semaure Marni.

Wah jan, omongane bojone kok akeh sing bener. Wektu saiki yen kepengin dadi dhalang wayang kulit sing isa kerep *peye* utawa pepayon laris, saengga cepet kondhang lan akeh kang nonton pancen kudu migatekake pepingane pasar. Amarga warga masarakat bakal takon yen arep ana wayangan iku dhalange sapa, sindhene sapa lan bintang tamune sapa. Ora takon lakone apa. Kepara yen perkara lakon mbokmenawa padha ora mudheng.

Dene kang dadi daya tarik iku menawa nggon adhegan limbukan utawa gara-gara gayeng, merga para sindhen bakal nembang disenggaki guyon dening ki dhalang utawa bintang tamu kang lumrahe penyanyi utawa dhagelan kondhang kayata Yati Pesek, Mbok Beruk, Dalijo, Wisben, Dhimas Tejo, Soimah, utawa Rini Widiastuti. Engga penontone katon nglumpuk akeh. Nanging menawa adhegan limbukan wis rampung, banjur adhegan perang gagal apa perang kembang ujawa jejer, mesthi kang nonton padha rada ngadoh saka pakeliran. Mengko nyedhak maneh menawa adhegan gara-gara.

Nanging ing wektu iki, adhegan limbukan karo gara-gara wayang bakal akeh sing nonton utawa gayeng adhegan limbukane. Merga saliyane wektune isih sore, bintang tamune uga isih ganep. Mula ora nggumunake menawa adhegan limbukan kang kala-kala kaisi tetembangan dening pejabat, wektune nganti rong jam luwih. Ngentekake lakon kang samesthine kudu katindakake dening dhalang. Nanging ya ora apa, ora ana kang protes. Kang baku sing nanggap marem, para penonton marem.

Pancen ana adhegan limbukan kuwi ya ana pitutur-pitutur luhur kang diudhal dening ki dhalang, lumantar tokoh wayang Cangik lan Limbuk pinangka gegambarane wong cilik utawa abdi. Pitutur babagan urip bebrayan supaya bisa tansah guyup rukun, carane nggula wenthah bocah supaya dadi bocah kang becik, babagan paprentahan sarta babagan liyane kang lagi dadi pocapan ing masarakat utawa lagi viral.

"Kok durung budhal gladhen," pitakone Marni kang mbuyarke pengangen-angene Parjo.

"Oh.. iya, ora sida. Bagus wis turu pa. Panase mudhun durung. Meshti kakehan playon karo bal-balan kuwi," semaure karo ngadeg saka kursi saperlu ndemok bathuke Bagus kang mau dikompres dening Marni.

"Ya wis kono ganti dikeloni apa dinyet-nyet anake kuwi. Ora mung ngenyet-enyet wayang wae," semaure Marni.

Sidane wengi iku, Parjo ora mangkat gladhen ndhalang ana omahe Mbah Juwar Jenggot. Mangka satemene karo Mbah Juwar Jenggot wis ditunggu-tunggu. Mula ing dina esuke malah Mbah Juwar Jenggot kang teka ana omahe Parjo.

"Mangga Pakdhe Juwar, kok sampun mruput tindak mriki wonten kersa napa. Pangapuntene wau dalu kula mboten saged sowan gladhen, awit anak kula nembe mriyang," ature Parjo sawise ngaturi Mbah Juwar Jenggot satata lenggah.

"Ora apa-apa. Iki malah ana kabar becik. Wingi awan pak lurah tindak ana omah. Yen pemerintah desa bakal ngadani merti desa kanthi nggelar wayang kulit. Nanging ana parentah saka dinas yen dhalange kudu putra desa. Lha mangka kang isa mayang mung awakmu. Aku wis rumangsa tuwa. Mula yen awakmu sumadhiya, awakmu dak dhawuhi mayang. Gelem lan isa ta."

Parjo glagepan ora bisa omong, krungu ngendikane Mbah Juwar Jenggot kasebut. Atine seneng kacampur bingung. Merga bakal klakon bisa mayang ana bale desa.

"Sa..sa..gah Pakdhe. Nanging pripun nggih latihane," semaure rada groyok.

"Latihane mengko ditambahi karo para wiyaga lan sindhene sisan. Dadi ora garingan nanging wis nganggo gamelan," njlentrehe Mbah Juwar Jenggot.

"Lajeng pripun wragade latihan niku," pitakone Parjo.

"Wragad latihan tekan pentas ditanggung saka dhuwit pemerintah. Ora usah khawatir. Merga iki kanggo ngurip-urip, ngipuk-ipuk para dhalang sing saka desane dhewe-dhewe. Jalaran sasuwene iki kang payu mayang ya mung dhalang kuwi-kuwi wae. Kepara ana dhalang siji kang sesasi isa pentas ping telung puluh. Saengga akeh dhalang liyane ora *peye*. Wis wiwit mengko bengi latihan maneh ya. Tulung kandha karo bojomu supaya ora cubriya. Aku terus pamit wae,"kandhane Mbah Juwar Jenggot.


"Nggih matur nuwun, Pakdhe. Ndherekaken kondur," semaure Parjo karo nguntabake tekan pelataran omah.

Atine Parjo kaya ketiban banyu embun esuk. Bungah kaya kembang mlathi lage mekar. Banjur crita karo bojone Marni. Bengine mangkat latihan mayang kanthi kebak greget. Pemerintah desa wis pasang baliho, kang isi wara-wara bakal anane pentas wayang kulit kanthi dhalang asli putra desa. Ing pangajab bisa padha nonton kanggo mengeti dina ambal warsa desa ngiras merti desa.

Wengi iku, pinangka wengi sepisanan Parjo *peye* dadi dhalang. Pagelarane kapetung sukses. Sing nonton akeh. Mbah Juwar Jenggot rumangsa mongkog, merga nggone mayang tetep cekelan marang pakem. Semono uga pak lurah uga bombong penggalihe duwe dhalang anyaran kang cukup becik nggone mayang. Dene Parjo luwih mongkog maneh ing sangarepe Marni, bojone sing banget ditresnani. Isa mbuktekake isa dadi dhalang, senadyan dudu anak turune dhalang.

Bangunjiwo, November 2018

Dongeng



PREINAN unggah-unggahan kelas, sekolahku nganakake kemah kanggo ujian pramuka. Satemene ya seneng bisa melu kemah, nanging aku kabotan menawa urunan duwit. Keluargaku kalebu keluarga kang kecingkrangan, nanging aku kepengin kaya bocah-bocah liya kang bisa sinau lan tambah pinter. Akeh babagan kang kepengin takmangerteni, kaya babagan taneman, kewan-kewan, planet, laut, lan liya-liyane.

Wektu kemah wis kawiwitan ing Jemuwah sepisan wulan Juli ing Bumi Perkemahan Babarsari. Papan kasebut cedhak kali lan isih akeh wit-witan gedhe. Aku mangkat diterke ibuku nganggo pit onthel, amarga omahku ora adoh seka papan kemah kasebut. Ing kono wis katon para guru, kanca-kanca, pengurus OSIS, lan wali murid kang ngeterke anak-anake. Aku gage pamitan marang Ibu sinambi ngambung astane Ibu banjur nglumpuk karo kanca-kancaku. Ing kelompokku, kelompok singa, aku dipilih dadi ketua. Satemene aku dipilih ora merga aku paling pinter, ananging merga aku ora kuwat bayar urunan kanggo kelompokku. Dadi satemene, tanggung jawabku luwih gedhe tinimbang kanca-kancaku lan aku bisa dikongkon-kongkon.

Acara sepisanan yaiku ngedekake tendha ing lapangan. Aku sakanca seneng ngleksanakake acara iki merga bisa ngraketke gotong-royong. Banjur, aku sakanca melu lomba kayata, *pioneering*, nglukis woh-wohan, lan kerapian tendha. Puncak kegiatan ing dina sepisanan, yakuwi *jurit malam*. Apese, bengi iki bengi kang miturut kapercayane wong Jawa dadi dina kang angker. Ya, bengi iki malem Jemuwah Kliwon. Sumilire angin lan godhong kang goggrog tumiyup angin seka wit-wit kang rungkut sing tak liwati gawe aku lan reguku keweden. Ditambah meneh kahanane peteng. Aku saregu mung entuk migunakake senter siji. Saiki reguku keri rada adoh ditinggal regu-regu liyane amarga reguku rada kethetheran saben-saben mandheg pos-pos sing diliwati. Sawise ngliwati pos 3, aku sakanca saya ngrasakake babagan-babagan kang aneh lan marakke mrinding, nanging wusana aku sakanca bisa ngrampungke *jurit malam* kanthi lancar.

Dina candhake aku sakanca melu lomba, jelajah alam lan masak. Kegiyatan rampung jam 13.00, banjur padha mangan bareng. Sawise istirahat kegiyatan diteruske lomba geguritan lan *halang rintang*. Ing reguku aku dipilih dadi wakil regu melu lomba geguritan. Geguritan kuwi sawijine karya sastra jinis puisi basa Jawa. Sajane wis tak batin menawa aku bakal dikongkon kanca-kancaku melu geguritan. Ing reguku ora ana sing gelem melu lomba geguritan amarga kanca-kancaku ngarani menawa geguritan kuwi wis ketinggalan jaman. Kanca-kancaku padha isin menawa nyinau geguritan. Senajan kaya ngono aku nrima tugas iki kanthi semangat. Lomba geguritan dileksanakake ing pendapa.

Nalika weruh pasarta liyane aku rada grogi. Aku ngerti para pasarta kuwi wis kerep melu lomba basa lan sastra Jawa. Kepara, salah sawijining pasarta wis tau dadi juara sesorah sakutha Yogyakarta. Juri lomba ana telu saka priyayi kang mimpin majalah-majalah basa Jawa kang wis kawentar. Aku rada mangu-mangu, nanging Gusti kaya paring semangat kang gedhe supaya aku ora nglokro ngadhepi lomba iki. Pasarta

diwenehi wektu 10 menit kanggo nulis geguritan banjur macakake sangarepe juri. Aku rada kamitenggengen nalika ndeleng pasarta kang maju macakake geguritan, mligine sing jenenge Anik, juwara II lomba geguritan sa-DIY. Kringetku saya akeh dleweran. Para pasarta macakake geguritane ngenani kaendahaning donya, jasa-jasa guru lan wong tuwa, paseduluran, nasionalisme lan liya-liyane. Kabeh katon percaya dhiri manggung sangarepe penonton. Ananging aku tetep nyoba nguwati atiku dhewe. Aku gawe geguritan nganggo idhe seka kegiyatan kemah ini. Kabeh pasarta wis maju. Kari aku dhewe lan wakil seka regu lawa.

"Pasarta sabanjure, perwakilan seka regu Singa. Kasuwun maju!" keprungu swara saka pengeras swara.

Atiku rasane kaya meh copot krungu swara mau. Wis saiki ora ana pilihan meneh aku kudu ngadhepi kanyatan, maju macakke geguritanku kanthi judhul "swara nyalawadi"

Swara Nyalawadi
Bengi iki aku turu ing tendha
Bengi iki acara kemah Pramuka
Aku turu angler merga kekeselen

Sajroning turu…
Kaya impen, keprungu swara nyenthit sing ngagetake aku
Mripatku tak lekke senajan abot
Tak goleki mrana-mrene nanging ora ketemu asale swara kuwi
Wah… puyeng sirahku

Swara jangkrik dudu,
Swara kucing dudu,
Apa meneh swara orong-orong

Wis embuh lah
Tak bacutke olehku merem
Durung angler anggonku ngeremke mripat
Eh, lhadhalah kok ya muni meneh swara mau

Saiki katone ora baen-baen….
Wah ketoke kewane wis saya cedhak
Ketambahan ganda aneh sisan
Aku saya siyaga

Tak ambu-ambu…..
Kaya-kaya aku ora pangling karo ambune
Wah aku kudu siap-siap
Kewan iki mambu kaya Sigung

Mripat mlolo nuju ganda aneh mau….
Mak gragap…..
Saiki swara kuwi nyenthit tambah banter ing sebelahku
Ketambahan ganda kang saya gambret
Aku jenggirat…

Basan tak tamatke
Basan tak senteri
Jebul swara kuwi
Asale seka njero sarunge si Kamto kang lagi jingkrung

Oalaaaahhhhh…….
Tooo, Kamtoooo…..
Sore mau kowe sambat lara weteng

Jiaaaaan blaikkkkk…..

Tanpa taknyana sawise maca geguritan mau kabeh padha ngguyu, para guru lan para juri. Sawise giliranku, banjur walik seka regu lawa minangka pasarta pungkasan. Sawise kuwi aku kari nunggu juri mbiji pasarta lan ngumumake pemenang ing dina pungkasan kemah.
Dina pungkasane kemah aku sakanca wiwit ngukuti barang-barang. Aku wis bisa mbedhek menawa bakal dikongkon kanca-kancaku ngasahi piring. Alesane merga aku ketua kelompok. Ya wis, tak tampa kanthi seneng wae. Pungkasan acara kemah ana upacara penutupan lan pengumuman pemenang lomba. Wektu kuwi sing ndadekake jantungku dheg-dhegan kenceng. Embuh kenangapa, grogi, wedi, utawa apa aku ora ngerti nalika nunggu pengumuman lomba geguritan. Ananging aku wiwit pasrah amarga aku krasa nek bakal kalah ing lomba geguritan. Pengumuman lomba-lomba wiwit diwara-warakke lumantar pengeras suara.
"*Dan, pemenang lomba geguritan adalah Budiiiii dari regu Singa,*" mangkono pengumuman kang diwacakke dening salah sawijning Juri kang rawuh ing penutupan acara kemah.

Wah rasane kaya ngimpi mangerteni menawa aku dadi juwara 1 seka 12 pasarta ing lomba geguritan. Ora dinyana geguritanku dibiji apik lan bisa ngalahake geguritane Anik, juwara nulis geguritan DIY. Sanalika kringetku kang anyep dadi kringet kabungahan. Banjur juri kasebut ndhawuhi aku maju ing panggung lan nampa bebungah. Keprungu swara keplok rame banget seka para guru lan siswa-siswa pramuka. Ora taknyana mripate kanca-kancaku seka regu singa mandeng aku kanthi gumun, ora nyana menawa aku menang. Wusana kemenanganku iki ndadekake regu singa dadi juwara umum lomba ing kemah wektu iki.

"Nak, kowe duwe bakat nulis geguritan. Bakatmu iki bisa dadi modhal kanggomu supaya bisa terus makarya kanthi professional," ature juri kuwi karo mbisiki aku lan nyalami tanganku kenceng.

Ora krasa luhku ndlewer. Ujug-ujug tuwuh pikiranku menawa aku bisa golek dhuwit kanthi nulis geguritan lan kamot ing majalah basa Jawa. Aku bisa mbiyantu ibuku.

Jam ing pendhapa wis nuduhake jam 13.00, pratandha upacara penutupan acara kemah taun ajaran 2018 wis rampung. Aku gage mlayu menyang tendha lan mberesi kabeh barangku bareng kanca-kanca. Sawise kuwi aku bali bareng kanca-kancaku.

Tekan ngomah takcritakake marang ibuku kabeh kedadeyan-kedadeyan mau. Keprungu swara lirih Ibuku ngendika, "Matur nuwun Gusti. Panjenengan sampun paring pepadhang marang Budi."

YUANA AGUS DIRGANTARA

Prasetya

Ing pucuking jaritmu aku ngrerepa
Jroning pangkonmu aku sesambat
Saka lawange sikil iki jumangkah lunga
Mblabar anteng kaya jemerut tinigas

Iya titenana...
Iki bukti
dudu janji sing nate kaudhal

iki dudu tembunge wong pasrah
merga ati semplah
iki tembunge wong wicaksana
merga ora duwe pengarep apa-apa

Durung Mangerteni Tegese

Embuh nganti kapan slintru iki bakal bisa sumilak
Yen nyatane jroning kori durung mangerteni sejatine dhiri
Rasa kang nglayut nggubed ana ing kalbu
Wiwitana ta dhuk..
Najan amung saklimah bisa kanggo nggugah manah
Sakecap nglarap ati kang manguntap – untap

Embuh Kanggo Sapa??????

I
Nalika lembaran lawas binuka
Sajake anggaku datan bisa suwala maneh
Api – apining asmara mangalad-alad ngonceki tandhesing batin rikala samana
Kembang wora-wari sing mamerake gandane saiki emoh aruh-aruh sajak pakewuh
Oalah,, jebul mung mangkono...
Cethek,, jantraning laku...

II
Iki dudu donyaku
Donya kang kebak tandha pitakon
Dumeh dhuwur?
Iki dudu donyaku
Donyaku merdika
Ora kaiket sapa-sapa
Donyaku siji
Mung Kanggo kulawarga

III
Apa kudu abang-abang lambe
Yen sanyatane mung njejiret ati?
Aja (batin cilik) menggak!!!!
Abang-abang lambe cidra sulaya gendra cilaka
Iya yayayaya.....

Rempu

Yen nganti isa ngrepras ukaramu sing tetela gawe panjerite nala
Bakal dak lempit pangangenku nganti angslupe srengenge
Segara dhuhkita nungka laku ngancam jiwa
Dadya petenging panguripan

Nyaketa rene, ngawaa tetamba kanggo laraku
Aku wus sumendhe susuhing kidung
Mulat osiking sangkan
Aja mbok tindhes mimis njojoh tekan pulunging ati
Nganti remuk rempu

Wis tekan semene wae
Nlusup ing ros-rosaning umurku sing wus lumaku

Goreh

Panase gumanthel mbrongot godhong-godhong
Padha alum
Trubus oyot-oyot cactus lawas kepranggas
Kaya atimu sing lagi udhar saka pupus keduwung
Ginubetan rasa ora jenjem
Ngadeg ing pinggir kacuwan.

YUANA AGUS DIRGANTARA
Guru SMA N 1 Ngemplak, Sleman

MACAPAT

Gesang Luhur Lumantar Tindak Jujur Sinawung Sekar Asmaradana

SIGIT NUGROHO

Kasmaran ingkang winarni
Marang tumindak utama
Kanggo nggayuh mrih tentreme
Duk ana ing marcapada
Nggen ira angupaya
Aywa kaliru den emut
Mring watak jujur sanyata

Watak kang jujur puniki
Kinupiya triprakara
Pocap patrap gagasane
Lamun tetelu manunggal
Ing sabarang pakaryan
Alandhesan jujur iku
Tansah tentrem kang rinasa

Angupaya jujur nenggih
Kapisan yeku pepocap
Amicara satemene
Datan gelem omong dora
Bener ingucap nyata
Dene salah tetep luput
Tansah omong blaka suta

Nadyan antuk rembug manis
Saka pambujuk wong liya
Dhasar jujur wus tumanem
Aneng sajroning priyangga
Sakabehing panggodha
Tansah emut tan kapilut
Ing gebyaring bandha donya

Kosok balen watak lamis
Tan mangu mitnah wong liya
Nadyan iku brayat dhewe
Merga kentir ing angkara
Ora wedi ing dosa
Pocap luput trus kagilut
Anurut hardaning hawa

Dene patrap kang angka dwi
Yeku lumantar tumindak
Mijil saking pribadine
Merga olah batin rasa
Iku bisa tinulad
Becik lan ala puniku
Kawistara panca ndriya
Patrap ingaran utami
Anyingkiri tindak nistha
Du darbeke den dhelikke
Barang bener linuputna
Kabeh iku sanyata
Kabecikan tan tinemu
Aywa padha ditindakna

Patrap jujur kang sayekti
Nadyan korban jiwa raga
Kepara pesat nyawane
Kanggo labuh kajujuran
Kabeh iku den tohna
Mrih jujur tan kerut larut
Dening patrap murang tata

Gagasan ingkang kaping tri
Boya katon ning karasa
Wit maksih wujud karebe
Sanadyan mangkono ika
Ndrawasi ing sabarang
Sumimpen sajroning kalbu
Dha gatekna ywa sembrana

Lamun sira datan lantip
Manah budi panggrahita
Mung nggugu karebe dhewe
Yeku angrusak tatanan
karep becik den tinggal
Lumuh ngumbar hawa nepsu
Adoh skeng karsaning allah

Mula sagung titah sami
Tetep eling lan waspada
Nadyanta nut pilihane
Nanging kedah dilelimbang
Sing becik lan kang ala
Murih manggiha rahayu
Merga urip mung sepisan

Wasana atur puniki
Wader kali sesonderan
Jenang sela sakabehe
Bilih manggih kalepatan
Diagung pangapura
Wit kuthung budi lan kawruh
Nggen kula anganggit sekar

SIGIT NUGROHO, S.S
Guru SMAN 1 Rongkop, Gunungkidul, Yogyakarta



Adidalem Kraton Yokyakarta ***(foto-arif)***



MAKAM Panembahan Selahening utawi Sela Ening peneripun mapan wonten ing sacelaking padusan toya panas Parangwedang, persisipun ing Desa Mancingan, Parangtritis, Kecamatan Kretek, Kabupaten Bantul. Makam kasebat kalebet makam kuna lan keramat. Rumiyin, makam kasebut dening masarakat ing Parangtritis lan sakiwatengenipun kaanggep papan biasa, minangka petilasanipun Syeh Maulana Maghribi.

Ananging, sasampunipun mangertos bilih papa kasebat makamipun priyayi ngaluhur, mila lajeng sanget dipunormati dening masarakat ing laladan mriku, malah kepara dipundadosaken papan ziarah dening tiyang-tiyang saking papan sanes ngantos sapunika.

Manawi kita badhe dhateng makam kasebat, kita kedah nglangkungi margi alit ing pinggiring lepen sarta nglangkungi kebon pendhudhuk. Minangka tanda, tumuju makam kasebut, inggih punika sawijining tugu kanthi seratan "Gusti Panembahan Selahening. Samangke wonten ing pucuking makam wonten candi bentar minangka kori (regol) ingkang dipun kunci. Menawi kita badhe mlebet saged nabuh satunggiling kenthongan kang sumadya ing mriku, mangke juru kunci makam tumunten rawuh.

Sasampunipun kita mlebet makam, kita saged ningali cungkup cacah tiga. Ingkang paling ngajeng awujud bangunan limasan tanpa tembok, ingkang wonten ing tengah bangunan indhuk, makamipun Ki Selahening, dene bangunan ingkang selajengipun inggih punika bangunan minangka gudang. Selajengipun, boten tebih saking makam, wonten sendhang blumbangan alit celak lepen, sawingkinging makam. Sendhang kasebat toyanipun ketingal bening lan kala-kala papan punika ugi dipun ginakaken kagem acara ritual.

Manut katrangan juru kunci, makam dipunwastani Sela Hening utawi Sela Ening, amargi saged kagem papan kagem ngeningaken cipta saking sedaya reribet, utawi tetirah. Nama Sela Ening kapendhet saking nama priyegung ikang dipunmakamaken ing ngriku, Panembahan Sela Pawening utawi Panembahan Sela Ening.

Mitos Panembahan Sela Ening

Manut Mbah Budhi Asih Suparno, juru kunci makam kasebat, Kyai Sela Ening punika sejatosipun tesih tedhak turunipun Prabu Brawijaya ing Majapahit. Nalika tasih alit, Ki Panembahan Sela Ening pinaringan asma Pangeran Dandun. Sang Pangeran punika taksih kalebet putra Prabu Brawijaya saking garwa selir. Dene kenging menapa Pangeran Dandun kok ngantos dumugi ing papan punika manut cariyosipun pinisepuh makaten:

Kacariyos bilih Prabu Brawijaya punika garwanipun kathah sanget, langkung-langkung garwa selir utawi ampeyan. Manut cariyos ing Babad



Majapahit bilih garwanipun Prabu Brawijaya cacahipun wonten 80-an. Putranipun Brawijaya ugi kathah sanget. Wonten ingkang asma Pangeran Bondhan Surati, Pangeran Lembu Peteng (wonten kalih: setunggal Adipati ing Sampang saha Ki Bondhan Kejawan), Pangeran Kathong (Adipati Panaraga), Jaka Damar, Jaka Dilah, Jaran Panoleh, Raden Prabangkara, saha sanes-sanesipun.

Kala semanten ing Karaton Majapahit wonten ontran-ontran ageng ingkang dipunpandhegani dening Raden Patah. Kanthi makaten Prabu Brawijaya lajeng duka yayah sinipi lan dhawuh, supados numpes tapis dhateng kraman punika. Mila lajeng dumados perang ageng antawisipun prajurit Majapahit kaliyan prajuritipun Raden Patah. Prajurit Majapahit ingkang ngrasuk agama Budha dipunpandhegani dening Adipati Terung, dene prajurit Raden Patah ingkang sampun ngrasuk agami Islam dipunpandhegani dening Patih Wanasalam. Dangu-dangu prajurit saking Majapahit keseser, langkung-langkung sasedanipun Adipati Terung, prajurit saking Majapahit sangsaya nglokro.

Kacarios, trah Majapahit, Raden Dandun (Sela Hening) saha Maulana Maghribi sami damel maneka warna pasanggiri petembayam aben kasekten. Pranyata Sela Hening ingkang kawon. Sela hening kedah ngakeni bilih Syeh Maulana Maghribi pancen piyantun ingkang unggul. Kanthi makaten, Sela Hening lajeng pindah ngrasuk agami Islam saha ninggalaken padhepokanipun. Papan padhepokan Sela Hening mapan ing sisih kidul-wetanipun papan padhepokanipun Syeh Maulana Maghribi. Pasipun, Sela Hening tapa brata (semedi) wonten ing sanginggiling kalen cilik. Wonten ing papan punika, rumiyin, Sela Hening sinau ajaran Islam dhateng Syeh Maulana Maghribi ngantos saksedanipun.

Ngantos sepriki papan patapan Sela Hening wonten ing ngandhaping wit ageng, celak lepen alit ingkang nami lepen “si bolong” ‘lepen tembus’ ingkang mili toyanipun ngantos ing Parang Wedang. Saking Parang Wedang lajeng mili ngantos dumugi segara kidul. Wusananipun lepen kala wau lajeng diparingi tenger lepen *Si Bolong*.

Miturut sumber sanesipun (wonten pinten-pinten sumber), Kyai Sela Ening dipungadhuhi ilmu kawaskithan inggih punika ‘ilmu saged ningali alam gaib’, *ngertos saderengipun dumados* saha saged ngicali *pageblug*. Awit ingkang dipunsarekaken ing papan punika kalebet tokoh ingkang kalangkung sekti, mila mboten aneh bilih makamipun dipundadosaken papan kangge semedi, nenepi dening tiyang kathah. Kajawi punika makam kasebat dipunanggep angker, wingit, lan mangaribawani. **(Sri Haryatmo)**.

Problematika Basa Jawa

MARSONO

PANGANGGONE basa Jawa dening siswa ing DIY, kagolong rada mrihatinake, amarga saperangan gedhe, ing antarane para siswa mau, mung nduweni kabisan kang pas-pasan (tarjamah saka *Kedaulatan Rakyat*, tanggal 3 September 2015, kaca 10).

Basa Jawa iku tetep ana sauger isih ana wong Jawa (RS Subalidinata ing *Sempulur* No. 27/I-2017, kaca 24).

Prakara basa Jawa kuwi yen dionceki akeh banget. Saking akehe, ing taun 2009 Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa UNY kepengin supaya mata pelajaran ing sekolahan, yaiku Bahasa Jawa, diganti dadi mata pelajaran Bahasa, Sastra, lan Budaya Jawa. Ing tulisan iki, ora ngonceki larah-larahe ing taun 2009 kasebut, nanging ngonceki babagan kang ana ing wektu saiki lan winates bae supaya ora ngambra-ambra, yaiku ing babagan basa Jawa kanthi oncekan bab tulisan utawa sepelan lan dhiksi.

Nomer siji, babagan tulisan. Tulisan kang dikarepake, yaiku sepelan (*ejaan*). Sepelan kang dionceki ing kene yaiku tulisan utawa sepelan nganggo aksara Latin. Wis akeh paugeran kang nata kepriye kudune nulis ing basa Jawa nganggo aksara Latin, yaiku: Tatanan Nyerat Basa Djawi 1955, Sarasehan Ejaan Bahasa Jawa Januari 1974, Lokakarya Ejaan Bahasa Daerah Maret 1974 (RS Subalidinata, *Sejarah Ejaan Bahasa Jawa dengan Huruf Latin*, 1975 kaca 9), lan kang paling anyar bisa ngeblat *Kamus Pepak Basa Jawa* 2001.

Problem utawa prakara nulis kleru, bisa dialami dening siswa sekolah, lan wong liyane. Akeh kang bisa ditemoni tulisan-tulisan kang ora bener. Conto ing kelas, nalika tanggal 10 lan 11 Januari 2019, siswa kelas VII C lan VII D SMPN 16 Yogyakarta padha sinau nggawe geguritan. Ana siswa kang kleru tulisane utawa sepelane, upamane huruf a ditulis o, dh ditulis d,th ditulis t, i ditulis e. Gunggunge tembung kang kleruyaiku: amergo 3 tembung, bedo 4 tembung, biso 1 tembung, coro 1 tembung, dewe 1 tembung, dino 10tembung, dunyo 1tembung, iso 11tembung, kadang 2 tembung, keno 1tembung, koe 2tembung, konco 10tembung, kulo 1tembung, mejo 2 tembung, moco 3 tembung, ngganteng 1 tembung, noto 5 tembung, ono 15 tembung, percoyo 1 tembung, resek 1 tembung, rupo 1 tembung, sedhelo 1 tembung, seko 1 tembung, seloso 3 tembung, sopo 1 tembung, supoyo 2 tembung, tuwo 2 tembung, utowo 1 tembung, yo 1 tembung. Panulise tembung kang bener kudune: amerga, beda, bisa, cara, dhewe, dina, dunya, isa, kadhang, kena, kowe, kanca, kula, meja, maca, nggantheng, nata, ana, percaya, resik, rupa, sedhela, seka, selasa, sapa, supaya, tuwa, utawa, ya.

Conto ing njabane kelas/sekolahan, upamane ing dinas.Ana kang rada ngganjel nalika Dinas Kebudayaan DIY ngadani “Temu Karya Sastra 2016” ing tanggal 17-19 Oktober 2016. Ora ngerti sing salah sapa, nyatane spandhuke ana tulisan: “Enom Tuwo Padha Nyastra” (*Sempulur* No. 3/2016, kaca 34). Kudune tulisane “Enom Tuwa Padha Nyastra”.

Conto ing donyaning campursarine Bapak Mathou’s. Nalika ing Kongres Basa Jawa ka-3 ing Hotel Ambarukmo Yogyakarta, Panjenengane ora bisa ngatasi bab klerune tulisan ing campursari. Manut pangandikane, klerune tulisan iku dadi urusane pihak rekaman. Upamane: upomo sliramu sekar melati, aku kumbang ngidam sari, upomo sliramu margi wong manis. Manut kang bener, kudune tulisane: upama sliramu sekar melathi, aku kumbang ngidham sari, upama sliramu margi wong manis.

Tuladha tulisan ing *WhatsApp* apa maneh. Malah saya akeh klerune, contone: ngguyune ojo diampet mbah, aku ora nganggo samin pak mergo senam, monggo sampun wekdal, podho ngopo yo, ra percoyo aq. Tulisan iku kudune: ngguyune aja diampet mbah, aku ora nganggo samin pak merga senam, mangga sampun wekdal, padha ngapa ya, ra percaya aku.

Ana kang tulisane pancen bener, upamane ing TVRI Jakarta acara Dunia Anak. 26 Februari 2005, jam 17.10. Prodhuksi Ideal Record, PT IPA Jakarta. Tulisane yaiku: Yo prakanca dolanan ing jaba, padhang bulan padhange kaya rina, rembulane ne sing ngawe-awe, ngelingake aja padha turu sore.

Ana maneh kang bener tulisane yaiku nalika siaran campursari ing News TV Magelang tanggal 16 April 2017 jam 09.13, upamane: apa ra rumangsa, apa pancen tega, saben dina, mbok menawa Gusti kersa, bocah ndesa, rupa pancen ala.



Nomer loro, diksi. Ing babagan diksi, yaiku pamilihing tembung ngoko lan krama. Ana siswa kang nganggo tembung krama inggil kanggo mbasakke awake dhewe. Upamane tulisan 236 siswa kelas VII SMP Negeri 16 Yogyakarta nalika nggarap tugas pribadi"Pengalaman kesah saha wangsul sekolah" tanggal 13 lan 14 September 2018.Tinemu kayata: nitih 15 siswa (6,36%), kondur 2 siswa (0,85%), ngagem 3 siswa (1,27%), dhahar 4 siswa (1,69%), tindak 3 siswa (1,27%). Yen digunggung, siswa sing salah nggunakake tembung krama inggil ana 27 siswa (11,4%). Siswa sing kleru kapetung ora akeh banget jalaran sadurunge nggarap tugas, para siswa diwenehi katrangan saka gurulan fotokopi tabel tembung ngoko, krama, krama andhap, krama inggil.Pamilihing tembung krama kanggo awake dhewe sing bener kudune: nitih diganti numpak, kondur diganti wangsul, ngagem diganti nangge, dhahar diganti nedha, tindak diganti kesah.

Dudutane, sanajan basa Jawa bakal tetep ana sauger isih ana wong Jawa, nanging bab klera-klerune anggone nulis lan nggunakake ya tetep kudu digatekake. Aja nganti basa Jawa isih ana nanging rusak. Sing becik, basa Jawa tetep ana lan ora rusak (ora banget-banget). Nuwun.

DRS. MARSONO, M.M.
SMPN 16 Yogyakarta



Festival Kethoprak DIY 2018 ing Taman Budaya Yogyakarta **(foto-fit)**

SENGKALAN

Kusumaning Tyas Ngluhuraken Palakrama



SENGKALAN memet kang kagambar awujud gambar kembang, srengenge, lan langit uga gambar lanang lan wadon kanthi ngrasuk busana manten minangka kesatuan kanthi surya sengkala Kusumaning Tyas Ngluhuraken Palakrama. Roncening tembung-tembung iku minangka tandha angka taun 2019 kang ginayut karo lumampahing Dhaup Ageng antarane B.P.H. Kusumo Bimantoro lan dr. Maya Lakshita Noorya. Dene jlentrehane tembung yaiku *kusuma* = 9; *tyas* = 1; *ngluhurakĕn* = 0, *palakrama* = 2.

Sengkalan uga minangka japa pengarep-arep mring temanten, yaiku kanggo mujudake palakrama kang tansah pinayungan Gusti Allah perlune adhedhasar luhuring manah. Inti pitutur kang dingendikakake Paku Alam ing naskah Ki Sarahmadu Brajakutha kanggo calon temanten, "yen ana sepasang menungsa wus nyawiji sajroning palakrama, sakloron kudu tansah bot sinunggi, kudu tansah paring panjurung nalika susah apa seneng". **(ava)**




Siti karo Slamet




CECALA

BUKU wacan aksara lan abasa Jawa **Siti Karo Slamet** (1931) kaserat dening *Mas Samud Sastrawardaya*, wetonan *J.B. Wolters Groninngen-Batavia*. Pancen buku iki, wiwitane kanggo wacan bocah sekolah dhasar, ananging jaman saiki bisa kanggo sapa bae. Buku iki kebak panggulawenthah kanggo bocah laras kabudayan kluwarga Jawa, sanajan bisa uga saiki kluwarga Jawa wus padha ora nglokani. Dene isine ana 20 perangan (episode), yaiku Ana Bayi, Ana ing kamar, Ana ing sekolahan, Dolanan karo pamané, Dongèngé Pak Lik, Tutugé Dongèng ing Ndhuwur, Bapakné Slamet Olèh Brekat, Ngréwangi Bapakné, Slamet Lara, Andeleng Gambar Urip, Tompa/Tampa Bestelan, Ana ing Pawon, Padhang Bulan, Udan-Udan, Menyang Banyu Anget, Jajan, Padha Sinau, Endhogé Netes, Nonton Wayang, Slamet Pènèkan, Cina Klonthong, Layangan, Pasar Malem, Ana ing Alun-Alun, Dongèngé Guru, Dhayoh-Dhayohan, Kraméyan Ing Pamulangan, Omah Kobong, Riyaya (Bakda), lan Mlebu Sekolah.

Mangkono kanggo seserapan sauntara anane ing kalodhangan iki. Sawuse episode 1, ing nomer candhake bakal disusul episode liyane (nganti rampung). Saben sanomer mung bisa macak saepisode. Nuwun. **(dpp)**






Serat Adidarma


SALAH sawijing naskah koleksi Kraton Ngayogyakarta atetenger *Serat Adidarma,* kanthi kodhe W.295, lan nomer indhuk C. 57=M. 220=Bh. 236. Naskah *Serat Adidarma,* aksara Jawa *ngetumbar*, katulis ing 26 Sawal, mangsa Kasa, wuku Kuranthil, Jimakir 1808 (1858) utawa 17 April 1928. Penulis utawa sing nyalin naskah kasebut R.P. Jayengminarsa. Naskah *Serat Adidarma* kandele 625 kaca, ukuran naskahe 34 x 21,5 x 4,5 cm.

Serat Adidarma iku kumpulan teks isine sing magepokan karo moral/budi pekerti maneka warna, piwulang bab strategi perang, tata kaparajan/negara, sarasilah, lan sapanunggalane. Kejaba iku *Serat Adidarma,* anggone martakake pitutur bab moralitas mau nganggo crita sato kewan, upamane crita kancil. Awit saka iku, sanajan *Serat Adidarma* awujud kumpulan/ antologi nanging migunani tumrap sing padha maos sing tansah bisa salaras karo jaman samangke. Ing kene kapethik saka saperangan pupuh Asmaradana angka 2 pada 8 (sakedhik) katerusake pada 9 tumekane 16, kaca 4; lan saperangan pupuh angka 3 (Sinom), pada 1 lan 2, kaca 5-6.



Asmaradana

8. .... awon saé miliha| yèn sembadaa kang luhung| mekaten remenan kita||
9. Sangking brangtanirèng tulis| nenggih kang darbèni serat|ing selagi nalikané| yèn saweg kalamangsanya| sela perlu ginarap| lelangséné gunem wuwus| satelasé mong–omongan||
10. Awong nganggure priyogi| gegujengan lelawaran| saé luhung kinen maos| wonten kang dènmirengana| dangu-dangu amindhak| hura omonge tan dunung| terkadhang ngraosi tiyang||
11. Ananging tiyang ngraosi| kalih werdining raosan| angraosi awon saé| telanjukan tunadungkap| cengilan kasisliringan| aluhung kandha jelantur| ginendhing srat tinembangna||



12. Kadita kang kadi déning| malih kang tumrap piwulang| nistha madya ataminé| kang mekaten lenggahira| awon saé kelawan| utami tamat mrih harju| pramila kadosta ingkang||
13. Bebasan rinenggèng kawi| kawi kawitaning wignya| myang kadya srat lukitané| kang lukit–lukit tinata| lèn kang basa rerenggan| rerenggan regining gugung| mung marih dipunalema||
14. Supadosé kang puniki| ring marih angsal wangsulnya| mamrih saé dados awon| mrih awon malih inggiha| sayekti nora resa| kang mirengken boten ayun| tanwun waon–winaonan||
15. Senadyan ta dènwaoni| pan wus sinèngajeng manah| Kyai Carik paneraté| leheng pundi srat kang tanpa| prayogining bebasan| nglengkarèng pekswarèng arum| yogi ngempelken kang yoga||
16. Yogyanta rané mersudi| kyati pangudining cipta| luhung pundi agroh–agroh| tanpa nges wiragyèng sestra| mung prananing pernésan| aminta matuh katutuh| tan ngaésing paésan||

Sinom

1. Kumanamané wong mudha| kogung kumlungkung kumaki| kaya ki ugung-ugungan| nalanané tan ngopèsi, ing pamireng pangèksi, tumambuhé nora gumun| mring lupiyan tuladhan| ing carita nguni–uni| bongganaké memaoni nora gita||
2. Gita gatining dusara| langka–langka dènlangkahi| minta murti lungiding rat| kang sayekti dènkalisi| awikiwani surti| kawedakeng masang sigu| yèn kecarug apanya| satemahan ing don dadi| tur puwara rusak kelangan kalongan|| **(Dpp)**

Pethilan Sĕrat Dewaruci

Babaran saka Tan Khoen Swie
Kediri, Jawa Timur taun 1926
(kaca 34)

//...lĕmbute, salĕmbuting banyu, isih lĕmbut kamuksan iki, langkung alit kamuksan, saaliting tĕngu, pan isih alit kamuksan, liring luwih amisesa ing sakalir, liring lĕmbut alitnya//


//Bisa nuksma ing agal lan alit, kalimput tan sagung kang rumangkang, gumrĕmĕt uga tanpa he, kaluwihan satuhu, luwih dening ingkang nampani, tan kĕna ngandĕlĕna, ing warah lan wuruk, den sangĕt pangudinira, raganira wasuhĕn praptanya ngungkih, wruha rungsiting tingkah//

// Wuruk iku kang minangka wiji, kang winuruk upamane papan, anglir kacang lan kadhĕle, sinĕbar munggwing watu, yen watune datanpa siti, kodanan kapanasan, yĕkti nora thukul, lamun uwis wicaksana, tingalira sirnakna ananireki, dadi tingaling suksma//

//Rupa lawan swaranira nuli, ulihĕna mring kang duwe swara, jĕr sira mung ngakĕn bae, sĕsulih kang satuhu, nanging haywa darbe sireki, pakarĕman lyanira, saka ing Hyang Agung, dadi sarira Pangeran, obah mosikira wus dadi sawiji, ywa loro anggĕpira//

//Lamun dadi anggĕpira pĕsthi, yen ngrasa loro isih was-uwas, kĕna ing rĕngu yĕktine, yen wus siji sawujud, sakarĕntĕg ing tyas sayĕkti, apa wis nĕdya ana, kang cinipta rawuh, (35) wis kawĕngku aneng sira, ing sajagad jĕr sira ingkang kinardi, gĕgĕnti den asagah//

// Yen wus mudhĕng pratingkah puniki, den awingit lawan den asasab, andhap asor pĕnganggone, nanging ing batinipun, ing sakĕdhap tan kĕna lali, laire sasabana, kawruh patang dhapur, padha anggĕpĕn sadaya, kalimane kang siji iku pĕrmati, kanggo ing kene kana//



//Lire mati sajroning ngaurip, iya urip sajroning palastra, nanging urip salawase, kang mati iku napsu, badan lair ingkang nglakoni, katampan badan nyata, pamore sawujud, pa gene ngrasa matia, Wrĕkodhara ing tyas padhang anampani, inggih ingkang nugraha//

//Lir sasangka katawĕngan riris, praptaning wahyu ngima nirmala, sumilak ilang rĕgĕde, Dewa Ruci amuwus, andikane manis aririh, tan ana aji paran, kabeh wis kawĕngku, tan ana kang kaulapan, kaprawiran kadigdayan wis kawingking, sagung rehing ngayuda//

// Tĕlas wulangnya sang Dewa Ruci, Wrĕkodhara ing tyas datan kewran, wus wruh mring gamane dhewe, hardaning swara muluk, tanpa ĕlar anjajah bangkit, sawĕngkon jagad raya, sagung wus kawĕngku, mati pamardining basa, saĕnggane sĕkar maksih kudhup lami, mangkya sĕkar ambabar//

//Wimbuh war....//

Katrangan:

Ana pirang-pirang naskah manuskrip lan naskah cithak kang ngrembug bab lakon Dewaruci. Salah sijine naskah cithak kang kababar dening Tan Khoen Swie ing Kediri taun 1926 kaya ing dhuwur iku. Lakon Dewaruci kang kababar lumantar buku iki wujude tembang-tembang Macapat, ing antarane tembang Dhandhanggula lan Sinom. Uga diselani gambar-gambar wayang kulit kang nggambarake pangumbarane Werkudara anggone nggolek banyu panguripan. Saliyane iku serat lakon Dewaruci iki uga wis diwerdeni utawa didhudhah isine kanthi gamblang awujud wacan prosa dening Mas Ngabei Mangundwija saka Wonogiri ing taun 1922. Panjenengan bisa maos kanthi komplit ing Perpustakaan Tembi Rumah Budaya Yogyakarta, ing dalan Parangtritis Km 8,4 Tembi, Timbulharjo, Sewon, Bantul.

(Suwandi,** Tembi Rumah Budaya**)

Lengendriya, Beksan Agung Ngangeni

CAHYA lampu panggung, sumorot gawe tambah wibawane saka-saka, umpak, lan pyan pendhapa Dalem Mangkubumen, kang adi lan linuwih ing paugeran pendhapa. Paugerane pendhapa agung kan cundhuk kanggo panggelare srimpi, bedhaya, lan beksan Jawa klasik Ngayogyakarta, Nalika iku, ing pungkasane wulan Desember 2018, kagelar Langendriya, seni klasik mringgan, seni tari kang duwe ciri seje, beksa kalawan laku jengkeng kesareng pocapan mawi tembang. Langendriya kagem hambiwara lakon-lakon kang kapethik saka Babad Damarwulan .

Langendriya wis langka kagelar. Mula nalika Dinas Kebudayaan DIY yasa pagelaran kang kaayahi neng pakempalan tari klasik ing Ngayogyakrta cacah enem, akeh banget para padhemen tari kang rawuh mriksani. Kang sepuh rumangsa padha kangen, nanging akeh kang durung nate mriksani langsung Langendriya. Saperangan paraga tari uga ana kang durung nate ngayahi jejibahan beksa ing Langendriya. Mula, Gelar Tari Lengendriya iku dadi kawigaten mirunggan kang nengesemake.

Pedhapa Dalem Mangkubumen, katon agung, regeng lan merbawani. Bareng para paraga tari Langendriya wis padha pacak kairing ungeling gangsa, keprak lan lagon gendhing, waosan kandha dadi rumpakan kang ngisi gelare pendhapa dadi kaya pahargyan ageng. Coreking Langendriya dadi lelangen beksa kang ngemu bobot kreasi priyagung kang temen ing pangudi amrih saya pepaking kagungan Jawa. Langedriya dadi warisan budaya kang aji lan migunani.

Miturut sumber-sumber ing Yogya, uga ing buku Langendriya (kawedalake Dinas Kebudayaan DIY, 2016) kang kaserat dening RM Pramutomo, Langendriya iku yasan KGPAA Mangkubumi, putra Sultan HB VI kang ngembani rakane, Sultan HB VII (1887-1921). Dene anggone gegatra Langendirya mligi ing Dalem Mangkubumen. Sanajan jogete ngagem pakem paugeran joget Metaraman, Langendriya, beda kalawan beksan, bendhaya, srimpi, lan wayang wong Kraton. Langendriya, kaya Langen Mandra Wanara yasan KPA Danureja ing Kepatihan, anggone beksa kathi cara jengkeng ora jumeneng. Pocapane migunake tembang, mula asring ingaran “opera Jawa”. Kang beda ing Langendriya uga ing carita lakone, carita Panji, mula busanane uga kaudi beda kalawan padatan ing wayang wong. Dene panyerate lakon uga babagan wigati ing Langendriya amarga lirik tembange luwih maneka warna ketimbang Langen Mandra Wanara kang mligi macapat cengkok palaran.

Lan maneh, laku jengkenge rada beda, amarga Langendriya tumapake dhengkul arang lan luwih akeh kaya laku dhodhdok, dlamakan sikil nyangga badan, lampah jengkeng sinambi nyekar. Beksa Langendriya luwih abot lan kudu kinanthen latihan kang tutug. Bareng padha miyarsa Langendriya kang kagelar pungkasaning taun 2018 iku, banjur katon anggone para paraga lan sutradara gawe “colongan teknis” ing babagan andum tembang dening para tari lan para karawitan, ngringkes lampah joget, tata rias lan busana, lan anggone gawe babak urutane adegan. Pendhapa kang jembar, bisa kecakan, kaisi dening komposisi tari, sanajan isih akeh paraga tari kang katon durung tepung lan kulina srawung marang joget Langendriya. Semonoa, para paraga tari wis padha katon gawe kupiya amrih bisa asung joget



Gojek lan guyonane para punakawan ing Langendria. ***(foto-fit)***

kang mirunggan.

Bareng nonton Langendriya cacah nem lakon, dening nem pakempalan tari klasik, Langendriya banjur katon menawa Langedriya isih padha katlesih nganggo daya pangrita kang nguyak marang panggawe beda, kayata ana kang caos pengagem busana kaya wayang menak, ngirim tembang saka para pesindhen lan wiraswara, lan komposisi jogetan kanggo nylamur kurange daya tari paragane.

Kanthi pagelaran iki banjur tuwuh gagasan, bakal prayoga yen sadurunge pagelaran kaadani wulang bareng babagan Langendriya saka para ahline lan bebarengan ngungak serat lan kitab Langendriya. Dene kang paadha ngayahi jibah hanggelar Langendriya taun 2018, yaikuYayasan Siswa Among Beksa ngasta lampahan *Damarwulan Winisudha*, Perkumpulan Tari Kridha Beksa Wirama - *Kencana Wungu Kembar.* Jarene, kapendhet saking naskah versi Brontokusuman. Yayasan Pamulangan Beksa Sasminta Mardawa. Pusat Olah Seni dan Bahasa Retno Aji Mataram - *Damarwulan Ratu,* Paguyuban Kesenian Suryo Kencono , *Bedhah Tuban,* lan Perkumpulan Irama Tjitra, *Menakjingga Nagih Janji.* **(pdm)**



Festival Langendriya "Damarwulan Wisuda" 2018 **(foto-fit)**

Kulon Progo Nyerat Kulonprogo Napak Tilas Kridhaning Budaya



(foto-fit)

THINTHINGAN

DINAS Kebudayaan Kulon Progo ing taun 2018 nyrambah pamekaring kabudayan kanthi medhia tulisan. Kabudayan mono ora mung mligi minangka seni pertunjukan wae, ananging kabeh theg kliwer asil cipta, rasa karsa manungsa kanggo nyukupi kabutuhan panguripan kang selaras karo obah mosiking alam. Mula kanggo ndhudhah potensi sumber kabudayan ing Kulon Progo, Dinas Kebudayaan Kulon Progo nerbitke tulisan wujud buku.

Buku-buku terbitan Dinas Kebudayaan Kulon Progo taun 2018 ing antarane "*Dari Desa Menjadi Kota Sejarah Kota Wates*", "*Kulon Progo Mercusuar Nusantara. Kulon Progo dari Mataram Islam Sampai Revolusi Kemerdekaan*", "*Makna Simbolik Upacara Adat Luwaran Tayub di Taruban dan Merti Desa Tuksono*" saha "*Naskah Lontar Jamus Kalimasada Koleksi Ki Darmogati*".

Kabudayan ora bisa dipisahake saka sejarah cikal bakal dumadine sawijining kutha. Mula penulisan sejarah kutha Wates ing buku "*Dari Desa Menjadi Kota Sejarah Kota Wates*" kang adhedhasar saka crita lokal (lisan), babad nganti tulisan ilmiah disengkuyung analisis ilmiah arsip kolonial, peta-peta lan dhata pemerintah kolonial gedhe pangaribawane tumrap pambangune kabudayan. Buku 88 kaca kasebut ing antarane ngamot Geo Sosio Kultural Wates, Wates lan Adikarta, Menjadi Kota Kolonial Awal Abad ke-XX, Peranan Kota Wates Pada Jaman Revolusi saha Wates Kota Hijau Awal Abad ke-XX.

Buku "*Kulon Progo Mercusuar Nusantara Kulon Progo dari Mataram Islam Sampai Revolusi Kemerdekaan*" nuduhake menawa Kulon Progo minangka potensi Mercusuar Nusantara kanthi bukti Kulonprogo dadi basis perjuangan Pangeran Diponegoro nalika Perang Jawa (1825-1830), Boro Kalibawang dadi Markas Komando Djawa (MBKD) kang dipandhegani Kolonel AH Nasution, uga Dungkrong tau dadi corong kamardikan RI, nalika warta perjuangan kang dipancarke saka Dungkrong tekan markas perjuangan sa Jawa lan luar negeri. Kajaba iku, buku kanthi 154 kaca iku uga ngemu *Sejarah Lokal Kulon Progo, Kulon Progo Sampai Berdirinya Kabupaten Nanggulan dan Kalibawang, Konstelasi Peristiwa Pasca Perang Jawa, Politik Etis dan Kehidupan Sosial di Kulon Progo Awal Abad ke-XX, Kulon Progo Masa Pendudukan Jepang, Pasca Kemerdekaan, saha Kulon Progo Dalam Pandangan Para Pelaku Sejarah*.

Buku "*Makna Simbolik Upacara Adat Luwaran Tayub di Taruban dan Merti Desa Tuksono*" kanthi kandel 56 kaca kasebut nyoba "motret" salah sawijine upacara adhat kang ajeg dilakoni turun temurun masarakat Pedhukuhan Taruban, Tuksono, saben panen pari ungsum *rendheng*, kang dipercaya wus ana kawit taun 1855 kanthi acara sakral luwaran saha nanggap tayub. Buku kasebut uga ngamot babagan Asal Usul Ki Gedhe Tarub, Adhat Luwaran, Tayub Dari Ritus Upacara Adat Sampai Tontonan Panglipur Ati, Tayub Dalam Serat Centhini, Tayub Dalam Lengger Blora, Profil Desa Tuksono saha Lampiran Penghargaan Untuk Upacara Adat Luwaran dan Tayub Taruban.

Buku Pungkasan terbitan Dinas Kebudayaan Kulon Progo ing taun 2018 yaiku "*Naskah Lontar Jamus Kalimasada Koleksi Ki Darmogati*". Buku kasebut nyoba ndhudhah naskah kuna kang ditulis kanthi aksara Jawa ing godhong rontal kang disimpen dening anak turun Ki Darmogati, lan dipercaya minangka naskah Jamus Kalimasada. Kang kamot ing buku 98 kaca ing antarane Hasil Alihaksara dan Alihmedia Naskah Lontar Peninggalan Raden Panewu Darmogati, Naskah Lontar Peninggalan Ki Darmogati Diyakini Berisi Jamus Kalimasada, Filologi Sebagai Alat Bedah Naskah Kuna, Berenang dengan Naskah Lama, Analisis Historis, Nilai Filosofis, Sudut Pandang Kearsipan saha Kesimpulan dan Usulan. Kanthi ndhudhah isi naskah, diajab pitutur luhur kang kamot ing naskah kasebut bisa diwaca lan dimangerteni dening masarakat saengga bisa diamalke ing patembayatan masarakat saben dinane.(**smn**)


BALE SIGALA-GALA

cergam Mulyantara

SAPUNGKURE KURAWA, ANA WONG NGUMBARA SAKA NEGARA NISADHA CACAHE ENEM, MAMPIR ING BALE SIGALA-GALA, SAMBAT KENTEKAN SANGU. WONG ENEM MAU, SING LIMA LANANG, WADONE SIJI. DITAMPA KANTHI BECIK DENING RADEN PERMADI. NULI DIDHAWUHI NGRAHAPI DHAHARAN SING ANA, LAN DIDHAWUHI NGINEP ING BALE SIGALA-GALA. SESUK ESUK LAGI KENA NERUSAKE LAKU.



WONG ENEM SAKA NISADHA MAU PADHA TURU ING PANINGRAT (EMPERANE BALE SIGALA-GALA). WENGI IKU MUNG KAPADHANGAN LINTANG-LINTANG LAN REMBULAN TUWA SING ORA PATI PADHANG. ABDI DALEM UNDHAGI SANG PUROCANA WUS NYUMED OBORE. JRONE SWASANA SEPI NYENYET, OBOR TUMULI DIUNCALAKE ING PAYONE BALE SIGALA-GALA.





Bapang dèn simpangi, ånå catur mungkur.

Tumindak ålå prayogané disingkiri,
ånå pasulayan becik dilungani.

kaligrafijawa déning Suhadi Iqra Hanacaraka

ISSN 2085-2673